Зэкъуэтыныгъэм и къарур

2-нэ нап.



Лъэпкъым и къуэ щыпкъэ

3-нэ нап.

НэхъыжьыфIым и дерс

4-нэ нап.

СэвкIуий Хьэмид и лэжьыгъэхэр

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

I924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ

ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№148 (24.742) ● 2024 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 10, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм ехъуэхъуащ Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэмкIэ.

«ПЩIЭ зыхуэсщI си хэкуэгъухэ! Ди къэралым илъэс къэс дыгъэгъазэм и 9-м егъэлъапIэ Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэр. Ар яхуэгъэзащ къагъэлъэгъуа зэфIэкIышхуэхэм къыпэкIуэу къэралым и дамыгъэ лъапIэхэр зратахэм: «Совет Союзымрэ Урысей Федерацэмрэ я ЛIыхъужьхэм», ЩIыхьым и орденым и нагъыщэ псори зыхуагъэфэщахэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр ирогушхуэ Хэкум и тхыдэм апхуэдэ напэкIуэцI дахэхэр изытхэфа и къуэхэмрэ ипхъухэмрэ. Абыхэм зэуапIэмрэ лэжьыгъэ IэнатIэмрэ къыщагъэлъэгъуа зэфIэкI къызэрымыкIуэхэр Хэкур фIыуэ лъагъун зэрыхуей щIыкIэм и щыхьэт наIуэу къоув, адрейхэр а гъуэгум ирикIуэным трагъэгушхуэ, Урысейми Къэбэрдей-Балъкъэрми къэкIуэну дахэ яIэн папщIэ.

Хэкум хуэпэжын къалэныр нобэ ягъэзащIэ дзэ Iуэху хэхам хэту ди къэралым и шынагъуэншагъэмрэ хуитыныгъэмрэ хахуэу зыхъумэ ди щIалэхэм. Абыхэм яхэлъщ игъащIэ лъандэм лIыхъужьхэм далъагъуу щыта хьэлрэ лIыгъэрэ. Щхьэщэ яхузощI Хэкум и лIыхъужьхэм, Урысей лъэпкъыбэм и цIыхубэр къахъумэу бийм пэщIэтхэм.

Гурэ псэкIэ сынывохъуэхъу мы махуэшхуэмкIэ, узыншагъэ быдэрэ ехъулIэныгъэрэ фиIэну си гуапэщ», - дыкъыщоджэ Iэтащхьэм и хъуэхъум.

Ящымыгъупщэн щIалэщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щыIащ Урысейм и ЛIыхъужь Тэмазэ Тимур къыщалъхуа къуажэм. ЛIыхъужьым и фэеплъым удз гъэгъахэр трилъхьащ, и благъэ-Iыхьлыхэм яхуэзащ.

- СИ ЩХЬЭР яхузогъэщхъ Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэфэщэн щIалэ зыгъэса адэ-анэм, лъэпкъым, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Тэмазэ Тимур и унафэщIу щытащ «Шторм» хьэуа-десантыдзэм и штурм дивизэм. Абы и унафэм щIэт гупыр нэхъ лъэщхэм ящыщ хъуащ. Дивизэм мызэмытIэу щытыкIэр щынэхъ гугъу щIыпIэхэм зауэ къалэнхэр ехъулIэныгъэкIэ щигъэзэщIащ, я унафэщIым хэлъ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ и щапхъэу.

Офицерыр 2022 гъэм и фокIадэ мазэм хэкIуэдащ лIыхъужьыгъэ къигъэлъагъуэу, и ныбжьэгъухэр къегъэлыным езым и гъащIэр щIитащ. Абы щыгъуэми «Шторм»-м бийм хэщIыныгъэшхуэ иритащ икIи и къалэныр игъэзэщIащ. Тэмазэ Тимур уIэгъэ хьэлъэ зэрыхъуам хуэдэу, и псэр пытыху гупым я унафэр ищIащ, бийр зэрыхигъэщIэнми хущIэкъуащ.

А илъэсым и дыгъэгъазэ мазэм дзэ Iуэху хэхам хэту лIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу и къалэныр зэригъэзэщIам папщIэ, УФ-м и Президентым и УнафэкIэ Тэмазэ Тимур Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

ЗауэлI хахуэм и лIыхъужьыгъэр зэи ящыгъупщэнукъым, абы и цIэр и ныбжьэгъухэм, благъэ-Iыхьлыхэм, лъэпкъым ягу ихунукъым.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Семочкин Никитэ и фэеплъу

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щыIащ Прохладнэ къалэм къулыкъу щызыхь дзэм и хэщIапIэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэр унафэщIхэм яхуэзащ икIи тепсэлъыхьащ иджыпсту дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм зэрызыщIагъакъуапхъэ щIыкIэм.

КIуэкIуэ Казбек я къулыкъум пэрыту зи псэр зытахэм я фэеплъым удз гъэгъа трилъхьащ. Урысейм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща лейтенант нэхъыжь Семочкин Никитэ Липецк къикIауэ мы щIыпIэм къулыкъу щрихьэкIырт. Дзэ Iуэху хэхам щыщIидза япэ махуэм щегъэжьауэ фронтым щыIащ ар, «ЛIыгъэ зэрыхэлъым папщIэ» орден, «Хахуагъ къигъэлъэгъуам папщIэ», «Суворовым и цIэр зезыхьэ» медалхэр къыхуагъэфэщащ щытащ. УФ-м и Президентым и унафэкIэ къэралым и тыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр Хэкумрэ абы щыпсэу цIыхубэмрэ къихъумэн папщIэ зи псэр зыта, шынэ зымыщIэ офицер Семочкиным дунейм ехыжауэ къыхуагъэфэщат.

2024 гъэм и гъатхэм лейтенант нэхъыжь Семочкиныр зи унафэщI зауэлI гупыр бийм и тIасхъэщIэххэм яIуэри, ахэр ирагъэкIуэтыну яхузэфIэкIащ. Жыжьэрыуэ топхэр тезыгъапсэхэм унафэ яхуищIкIэрэ, Семочкиным бийхэр зэтраукIэну Iэмал яритащ, лагъымыдз кхъухьлъататI къриудыхащ, уIэгъэ хъуа ныбжьэгъум дэIэпыкъуащ. Езыми фэбжь игъуэтарэ пэт, иришэжьа гупыр къиутIыпщыжри, щIалэр бийм и закъуэ пэуват. Апхуэдэу и ныбжьэгъухэр къихъумэу, Семочкиныр лIыхъужьу дунейм ехыжащ.

«И зауэлI къалэныр и гъащIэм нэхърэ нэхъ лъапIэу къэзылъыта Семочкин Никитэ, Хэкур ихъумэным и псэр щIэзыта лIыхъужьыр, дэ зэи тщыгъупщэнукъым, ар хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ я щапхъэщ», - иритхащ Iэтащхьэм и телеграм напэкIуэцIым.

Зы сэлэтым и щапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэр дыгъуасэ щыIащ Прохладнэ къалэм. Абы удз гъэгъа Iэрамэ трилъхьащ Урысейм и ЛIыхъужь, гвардием и полковник Поляков Сергей и фэеплъым.

АПХУЭДЭ щIыхьыцIэр Поляковым къыхуагъэфэщащ зауэ губгъуэм щигъэлъэгъуа лIыгъэм, хахуагъэм папщIэ.

«Дзэм хэта щIалэм и щхьэгъусэмрэ и пхъумрэ сахуэзащ. ЗауэлIыр езыр Ростов областым щыщт, дзэм къулыкъу щищIащ Урысейм Iэщэкlэ зэщIэузэда и къарухэм я IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрми къагъэкIуауэ арат.

Офицерыр 2023 гъэм и мазаем лIыгъэ хэлъу хэкIуэдащ дзэ Iуэху хэхам. Поляков Сергей дзэ Iуэху хахам и 14-нэ гвардейскэ бригадэм и командирт, абы къалэн гугъу куэд зэфIигъэкIащ, къытелъалъэ биишэм щымышынэу.

ЛIы хахуэм, урысей зауэлIым и пщIэр зэи кIуэдынукъым, абы и лIыгъэр щапхъэ яхуэхъунущ щIалэгъуалэм», - щетх КIуэкIуэ Казбек и телеграм напэкIуэцIым.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм зеужь

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм.

МАЛКЭ къуажэм Лениным и цIэр зезыхьэ и уэрамым гъуэгур зэрыщызэрагъэпэщыжар зригъэлъэгъуащ республикэ УнафэщIым. Абы теухуа лъэIу жылэдэсым къабгъэдэкIыу къыIэрыхьат Iэтащхьэм нэгъабэ «эфир занщIэр» щригъэкIуэкIам. ГъуэгущIэм километри 4,2-рэ и кIыхьагъщ. Машинэхэр зрижэм нэмыщI, ибгъухэмкIэ лъэс лъагъуэхэр хуащIащ, уэздыгъэхэр, курыт еджапIэм, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм я гъунэгъуу светофорхэр ягъэуващ. Гъуэгур щаухын хуей пIалъэр къэмысу зэфIагъэкIащ.

Къуажэм дэсхэм яхуэзэри, нэгъуэщI гуныкъуэхэми щIэдэIуащ КIуэкIуэ Казбек.

Дызытехьэну илъэсми мазаем щегъэжьауэ гъуэгу Iуэхухэм щыпащэнущ Дзэлыкъуэ куейм. Иджыри километри 8 къагъэщIэрэщIэжыну я мурадщ. Абы зэрелэжьынур «ГъащIэр тынш пщызыщI ухуэныгъэхэр» («Инфраструктура для жизни») лъэпкъ проектыщIэм хыхьэущ. Мы гъуэгур Малкэ кIуэцIрокIри, школым, щIыпIэ администрацэм, физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфIакIуэ унэ зэхэтым урешалIэ.

КIуэкIуэм зригъэлъэгъуащ жылэм щызэрагъэпэщыжа ЩэнхабзэмкIэ унэри. «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, унэм газ, псы зэрыщIыхьэ бжьамийхэр щызэрахъуэкIащ, бжэ-щхьэгъубжэхэр яхъуэжащ, унащхьэр тралъхьэри, и щIыбри теплъафIэ ящIащ. Концерт щекIуэкI пэшышхуэр нэху, хуит, дахэ ящIри, унэлъащIэ тыншхэри щIагъэувэжащ. Апхуэдэ нэгузегъэужьыпIэ екIумкIэ къуажэдэсхэм ехъуэхъуащ КIуэкIуэр. «Къуажэм мыхьэнэ иIэу сыт хуэдэ Iуэху къыщыхъуми щевгъэкIуэкIынымкIэ, творческэ гупжьейхэр зэхэфшэнымкIэ, къыдэкIуэтей щIэблэр лъэпкъ IэщIагъэхэм хуэвгъэсэнымкIэ Iэмал псори къыщызэгъэпэщащ иджы ЩэнхабзэмкIэ унэм», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

АдэкIэ Iэтащхьэр щыIащ Сэрмакъ къуажэм дэт, Махуэ Дадушэ и цIэр зезыхьэ, иджыблагъэ къызэрагъэпэщыжа щэнхабзэ-зыгъэпсэхупIэ центрым. Мыр щIалэгъуалэм и зэхуэсыпIэ хъарзынэу щытащ нэхъапэми, уеблэмэ художественнэ фильмхэр щагъэлъагъуэу, творческэ гупхэр утыку къыщихьэу, гуфIэгъуэ зэIущIэхэр щызэхашэу къекIуэкIащ. Иджы а лэжьыгъэ псори нэхъри Iэтауэ ирагъэкIуэкIынымкIэ Iэмал гъуэзэджэхэр яIэ хъуащ. Иджыпсту абы щылажьэ гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэм къокIуалIэ ныбжьыщIэхэр, цIыху 400 зыщIэхуэ концерт пэш хэтщ.

Къуажэдэсхэм защыхуигъазэм, КIуэкIуэм жиIащ: «Дзэлыкъуэдэсхэр сытым дежи адрейхэм къахэщырт зэрылэжьакIуэшхуэмкIэ, хабзэр зэрызэрахьэмкIэ. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ адрей ди щIалэхэм я гъусэу нобэ Хэкум и щIыхьыр зыхъумэ дзэлыкъуэдэс сэлэт хахуэхэм. ХэкIуэдахэр зэи тщыхъупщэнукъым, абыхэм я лIыгъэр я щапхъэщ нобэ къэхъу щIэблэм. Адрейхэм ТекIуэныгъэр къахьауэ узыншэу къекIуэлIэжыну дапоплъэ.

КIуэкIуэ лъэпкъым деж кIэ Сэрмакъ жылэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Си адэшхуэр зэман гуэркIэ щыпсэуащ икIи щылэжьащ мы къуажэм. Нобэ жылэм зэрызиужьыр, зэрефIакIуэр си гуапэ мэхъу. ШколыщIэ фиIэщ, ЩэнхабзэмкIэ унэр къагъэщIэрэщIэжащ, гъуэгухэр зэрагъэпэщыж, уэздыгъэхэр фIадзэнущ, псы зэрыкIуэ бжьамийхэр зэтхъуэкIынущ. ДяпэкIи нэгъуэщI куэдым дегугъунущ, ауэ фщIэну сыхуейщ а псори щIызэдгъэхъулIэфыр УФ-м и Президентым и жэрдэмкIэ къыхилъхьа лъэпкъ проектхэр зэрыарар. Иджыблагъэ сыздэщыIа зэхуэсышхуэми щыжаIащ ахэр гъащIэм хэпща хъуным дяпэкIи къэралыр иужь зэритынур. Проектхэр куэдкIэ сэбэп хъунущ ди цIыхухэм я псэукIэр едгъэфIэкIуэнымкIэ. Си гугъэмкIэ, ар нэрылъагъущ. Мыпхуэдэ центрхэр къэгъэщIэрэщIэжынми мыхьэнэшхуэ иIэщ ди щIэблэм я зэфIэкIым нэхъри зегъэужьынымкIэ».

Сабий сымаджэхэм гулъытэ хуащI

«Урысей зэкъуэт» партым, хабзэ дахэ хъуауэ, илъэс къэс ирегъэкIуэкI «Коробка храбрости» фIэщыгъэр зиIэ, псапэ зыпылъ урысейпсо Iуэху. Ар хуэунэтIащ узыфэ хьэлъэхэр зыпкърыт, пIалъэ кIыхькIэ зи узыншагъэр медицинэ IуэхущIапIэхэм щызэфIэзыгъэувэж сабийхэ ядэIэпыкъуным. ТхылъымпIэ Iувхэм къыхэщIыкIа ашыкхэм илъу ахэр зэрыджэгун, я зэфIэкIхэм зэрыхагъэхъуэн хьэпшып зэмылIэужьыгъуэ куэд хуашэ.

Псапэ

МЫ IУЭХУМ жыджэру хэтщ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и къудамэу КъБР-м щыIэри. ЦIыху нэхъыбэм сабийхэм гулъытэ хурагъэщIын папщIэ, абы къыхашэ IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ. Мы махуэхэм «Урысей зэкъуэт» партым и хэгъэгу къудамэм Нылшык къалэ щиIэ IуэхущIапIэм и гъэзэщIакIуэ секретарь Мэкъуэшэ Русланрэ урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Литвинов Романрэ щыIащ Республикэм и сабий клиникэ центрым онкологиемрэ гематологиемкIэ и къудамэм. Ахэр сабийхэм яхуэупсащ, цIыкIухэр зи нэIэ щIэт дохутырхэм къызэрыжраIам тету, щхьэж дэзыхьэхым елъытауэ нэхъ зыщыгуфIыкIыну хьэпшыпхэмкIэ.

- «Урысей зэкъуэт» партым иригъэкIуэкI «Коробка храбрости» Iуэхум щIыналъэ къудамэр илъэс 12 хъуауэ хэтщ. Гъэ къэси абы къыхыхьэну жэрдэм зыщIхэм я бжыгъэм къыхохъуэ. Мы псори зытеухуэжар узыфэ хьэлъэр зыпкърыту сымаджэщым щIэлъ цIыкIухэм гулъытэ зэраIэр зыхедгъэщIэу я гукъыдэжыр къэIэтынырщ. Балигъхэм къатехьэлъэм, сабийхэр зэрыпэщIэтым уегупсысмэ, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым абыхэм я хахуагъэр. Мы IуэхумкIэ а цIыкIухэр дгъэгушхуэну, сымаджэщым щагъакIуэ махуэхэр зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми щIэщыгъуэ ящытщIыну дыхуейуэ аращ. А тыгъэхэм кърат гукъыдэжыр я узыншагъэр зэфIэувэжынымкIэ сэбэп хъуну догугъэ, - жиIащ Мэкъуэшэ Руслан.

Республикэм и сабий клиникэ центрым онкологиемрэ гематологиемкIэ и къудамэм и унафэщI Къумыкъу Жаннэ кIэщIу и гугъу ищIащ я лэжьыгъэр зэрекIуэкIым. Абы къыхигъэщащ сабий къалъхуагъащIэхэм я деж къыщыщIэдзауэ зи ныбжьыр илъэс 17-м нэсхэм зэреIэзэр, тепсэлъыхьащ а цIыкIухэм япкърыт узыфэхэр зыхуэдэм, абыхэм хуащIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм.

- УмыгъэщIагъуэу къэнэркъым сабийхэм гуащIэшхуэ зэрахэлъыр, - жиIащ Жаннэ. - Ахэр зэрыт щытыкIэ хьэлъэм я щхьэр зэрытрагъэун къару къызыкъуахыф. Абыхэм яхэтщ тхьэмахуэ-тхьэмахуитIкIэ палатэм къыщIэкI мыхъунухэри. А цIыкIухэм я дежкIэ, я узым и щхьэжкIэ, ар гъэунэхуныгъэшхуэщ. Ауэ шыIэныгъэ яхэлъу дохутырхэм къыхуагъэувхэр ягъэзащIэ. Пэжщ, дэтхэнэми и пэшым телевизор щIэтщ, зэрыджэгун, я къэухьым зэрызрагъэужьын хьэпшып зэхуэмыдэхэр яIэщ. Гулъытэр хэткIи гуапэщ, ауэ мы цIыкIухэм дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ, нобэрей хьэщIэхэм абыхэм гухэхъуэ къратащ.

- Хамэ сабий щыIэкъым, псом хуэмыдэу щытыкIэ хьэлъэм къихутам дэIэпыкъуныр псоми ди къалэну къыдолъытэ. Пэжыр жысIэнщи, мыбы щыслъагъунум гухэщI къызэрызитынум сегупсысурэ сыкъэкIуащ, ауэ къудамэм и лэжьакIуэхэм сабийхэм лъагъуныгъэу, гуапагъэу, гулъытэу хуаIэм ар сщхьэщихащ. Абыхэм я Iэзагъыр шэчыншэщ, гъэщIэгъуэныр дэтхэнэми и хьэлыр фIыуэ ящIэу, а цIыкIухэр дэзыхьэххэм, я гукъыдэжыр къахуэзыIэтынум зэрыщыгъуазэрщ. Сабийхэр тыгъэхэм зэрыщыгуфIыкIам я узыншагъэм зыкъыдигъэзэну, мыпхуэдэ сымаджэхэри нэхъ мащIэ хъуну догугъэ, - жиIащ Литвинов Роман.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

ДэIэпыкъукIэм и зы Iэмал

«Хэкум и къыщхьэщыжакIуэхэр» урысей фондымрэ Урысейм лэжьыгъэмкIэ и ветеран Проценкэ Денис и гупымрэ я жэрдэмкIэ яублащ СВОИРОДНЫЕ.РФ. проектыр. Ар хуэунэтIащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIахэм, абыхэм я Iыхьлыхэм защIэгъэкъуэным. Проектым и платформэм и Iыхьэ щхьэпэщ СВО-м щыIахэм ущепсалъэкIэ, я псэм, я зыхэщIэм ухуэсакъын, я нэгум щIэкIахэр нэхъ тыншу яхуэгъэвын папщIэ къэбгъэсэбэп хъуну псалъэхэр, жыIэкIэхэр щапхъэу къыщыгъэлъэгъуар. Ахэр зэхагъэуващ психологхэм.

- «ХЭКУМ и къыщхьэщыжакIуэхэр» фондыр къэралым и щIыналъэ псоми щыIэщ. Иджы абы илэжь IуэхуфIхэр, чэнджэщхэр, къигъэлъагъуэ хэкIыпIэхэр СВОИРОДНЫЕ.РФ платформэми къыщагъуэтынущ. Психологхэм зэхагъэува зэрыгъуэзэн Iэмалхэр къахуэщхьэпэну си гугъэщ СВО-м хэтауэ унэм екIуэлIэжхэм, абыхэм я унагъуэхэм, - жиIащ Урысей Федерацэм зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ – статс-секретарь Цивилёвэ Аннэ.

- СВО-м и ветеранхэмрэ абыхэм я Iыхьлыхэмрэ зыхэщIэ и лъэныкъуэкIэ гъащIэм хэзэгъэжыным тещIыхьа ди дэIэпыкъуныгъэр интернет жыпхъэм зэритым къалэн пыухыкIа егъэзащIэ – ар ялъоIэсыф дэтхэнэми. Дзэ Iуэху хэхам и псэзэпылъхьэпIэхэм хэтахэм психолог зыдагъэIэпыкъуну тегушхуэркъым. ЗауэлIхэр дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ хъужыкъуэми, нэхъыбэм зыкъыпхуэзыгъазэр абыхэм я Iыхьлыхэрщ. Мыри къыхэзгъэщынут: онлайн - утыкум пщIэншэу уихьэфынущ жэщ-махуэ имыIэу икIи абы психологым и дэIэпыкъуныгъэ щыбгъуэтын папщIэ уи цIэ-унэцIэр къомыгъэлъагъуэми мэхъу, - жиIащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Урысейм лэжьыгъэмкIэ и ветеран Проценкэ Денис.

СВОИРОДНЫЕ.РФ. проектым хэтщ медицинэ щIэныгъэмкIэ докторхэр, психологхэр, психиатрхэр, юристхэр, нэгъуэщIхэри.

ГЪУЭТ Синэ.

Зэкъуэтыныгъэм и къарур

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ къызэщIикъуэжащ Егъэджэныгъэм-кIэ XXXIII зэхыхьэм хиубыдэу ирагъэкIуэкIа зэхуэсхэр.

АБЫ теухуа зэIущIэр къызэрагъэпэщащ КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ, Щэнхабзэм-кIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетхэм.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым**, республикэм ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Сыжажэ Алим**, Пятигорскрэ Черкесскрэ я Архиепископ **Феофилакт** федеральнэ инспектору КъБР-м щыIэ **КъуэщIысокъуэ Тимур**, КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Берд Хьэзрэталий**, СВО-м и ветеранхэр, щIэныгъэ, жылагъуэ, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Егоровэ Татьянэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ республикэм и Парламентым и зэхуэсыгъуиш хъуауэ егъэджэныгъэ зэхуэсхэр зэрырагъэкIуэкIыр, дунейпсо мыхьэнэшхуэ зиIэ, къэрал унафэщIхэри, егъэджакIуэхэри, щIэныгъэлIхэри, жылагъуэ, щэнхабзэ лэжьакIуэхэри зэщIэзыгъэуIуэ а Iуэхум я гуапэу гъэ къэс зэрыхэтыр.

- Мыгъэрей зэIущIэхэр зытеухуа Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщихьар дунейпсо тхыдэм хыхьащ, совет цIыхубэр я къаруи я пси емыблэжу зэрызэкъуэтамкIэ, - жиIащ Егоровэм. - Илъэс пщIы бжыгъэхэр дэкIыжами, а ТекIуэныгъэр ди цIыхубэм зэрызыIэригъэхьэфам къытедгъэзэжурэ догупсыс. 2025 гъэм егъэджэныгъэмкIэ зэхыхьэхэм я кIэух Iыхьэр Москва щекIуэкIынущ икIи ар зытеухуауэ щытынур ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъурщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужьрей зэманым языныкъуэ къэралхэр хущIокъу тхыдэм и пэжыпIэмрэ ЕтIуанэ дунейпсо зауэшхуэр иухыным совет цIыхубэм хэлъхьэныгъэу хуищIамрэ щIахъумэну. Езыхэм я политикэ еплъыкIэхэр пхагъэкIын мурадкIэ, фэеплъхэр якъутэж, тхыдэм теухуа тхылъхэр зэрахъуэкI - а псор зыхуэгъэзар Урысейр фашизмэм зэрытекIуар «ягъэпщкIунырщ». ТекIуэныгъэр къэхьыным зи гъащIэ щIэзытахэм яхуэфащэкъым апхуэдэ. Абы къыхэкIыу нэхъ ткIийуэ а Iуэхухэм дыпэщIэтын хуейщ: унагъуэхэм деж щегъэжьауэ, къэрал, жылагъуэ, дин, дзэ-хэкупсэ IуэхущIапIэхэри, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ IэнатIэхэри зэгъусэу абы делэжьыпхъэщ. ЩIалэгъуалэр хэкупсэу къэхъун щхьэкIэ, зэхэщIыкIыгъуэу епсэлъэн хуейщ. КъищынэмыщIауэ, мы Iуэхум къешэлIапхъэщ «Урыс тхыдэ зэгухьэныгъэ», «Урыс географие зэгухьэныгъэ», «Знание» IэнатIэхэри. Шэч хэмылъу, мы лэжьыгъэм хэлъхьэныгъэ хуащI лъыхъуакIуэ гупхэм хэтхэми хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэми. Ди цIыхубэр иропагэ, къэралым щыпсэухэр зэман нэхъ гугъу дыдэхэми зэкъуэувэу зэрыщытам. Апхуэдэ гъэунэхуныгъэшхуэт Хэку зауэшхуэр. Иджы ди къалэнщ а зэкъуэтыныгъэр тхъумэну. ТекIуэныгъэр къызэрытхьрэ илъэс 80 зэрырикъур етIанэгъэ дгъэлъэпIэнущи, нэгузыужь Iуэху къудейуэ щымыту, гупсысэкIэ гъэнщIауэ, хуэфэщэну ар къыззэдгъэпэщыпхъэщ.

- СызэреплъымкIэ, къэтIэта Iуэхум и мыхьэнэр тхыдэр хъумэнымрэ Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм пщIэ яхуэтщIынымрэ я закъуэкъым зыхуэгъэпсар, атIэ абы гупсысэ нэхъ кууи щIэлъщ - ди япэ итахэм я зэфIэкIым щIэблэм щапхъэ трахыфу, я щIэиныр ягъэлъапIэу дгъэсэн зэрыхуейрщ, - пищащ Егоровэм и псалъэм Феофилакт. - ТекIуэныгъэшхуэр къэзыхьар цIыхубэ зэкъуэтыныгъэращ. Зауэ нэужь зэманми наIуэ хъуат лIыхъужьыгъэм и лъабжьэр гъэсэныгъэм деж къызэрыщежьэр. Гугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ текIуащ. Ауэ нобэ тхыдэ нэпцIхэр утыку кърахьэ хъуащ, ахэр къыдэкIуэтей щIэблэм я фIэщ ящIыну хэту. Абы дызэрыпэщIэтыфыну Iэмал нэхъыщхьэхэм ящыщу къызолъытэ егъэджэныгъэ IэнатIэр. Абы ипкъ иткIэ, нобэ дгъэлъэпIащ «ЕгъэджакIуэм и лIыгъэм папщIэ» урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуахэр.

ЩIыналъэ унафэщIхэм къабгъэдэкIыу зэхуэсым хэтхэм фIэхъускIэ захуигъэзащ **Къуэшырокъуэ Залым**. Абы къыхигъэщащ щIэблэр гъэсэнымкIэ ди лъэпкъ хабзэхэмрэ цIыхубэ лъапIэныгъэхэмрэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр, къэкIуэнур абыхэм зэрелъытар. «Сыт хуэдэ ди лъэпкъ хабзэхэр? Ар унагъуэм зэгурыIуэ илъынырщ, Хэкур фIыуэ лъагъунырщ, къызыхэкIа лъэпкъри иIыгъ дини емылъытауэ, гъунэгъум дэIэпыкъунырщ. Апхуэдэ хабзэхэращ къэкIуэнум дызэрытехьэфыну «лъэмыжыр», - къыхигъэщащ абы. - Хэку зауэшхуэм усэ ин зэрыщIэттар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Къэбгъэлъагъуэмэ, Европэм и къэралхэм а зауэр апхуэдэ дыдэу зыхащIакъым. Псалъэм папщIэ, Даниер Германием сыхьэтих пэщIэтауэ аращ, Голландиер - сыхьэтитху, Бельгиер махуэ 18-кIэ, Грециер - махуэ 24-кIэ, Польшэр - махуэ 36-кIэ, Франджыр - махуэ 43-кIэ. Ленинград блокадэр, зэрыфщIэжщи, махуэ 1126-кIэ екIуэкIащ. Мы бжыгъэхэр къыщIэсхьыр а къэралхэмрэ Совет Союзымрэ зауэм щIатар зэрызэщхьэщыкIыр ди нэгу къыщIэувэн щхьэкIэщ. Апхуэдэуи ахэр дуней псом ягу къэдгъэкIыжурэ декIуэкIын хуейщ. Псом хуэмыдэу ди тхыдэр ящIэн хуейщ щIэблэм. Мы зэманым республикэм щыхоплъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщытеуа илъэсхэм лъэпкъгъэкIуэд зэрыщыIар къэлъытэным теухуа Iуэхум. Ар куэд щIауэ зэфIэгъэкIын хуея Iуэхут, фашизмэм цIыху куэд зэрихьар къэплъытэмэ. Украинэми мы зэманым Хэку зауэшхуэр зэрекIуэкIам и пэжыпIэр щыщIахъумэну хэтщ. Зэмыхъуми зэ ахэри «къэушыжыну» дыщогугъ. А псом дызэрыпэщIэтынур щIэблэр хэкупсэу гъэсэным гулъытэ хэха хуэтщIкIэщ. Апхуэдэу КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэр къызэIутхащ. Иджыблагъэ КIуэкIуэ Казбек «ЛIыхъужьхэм я щIэблэ» Iуэхур зыхуэдар къызэщIикъуэжащ. Абы хэтар дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм, хэкIуэдахэм я бынхэрщ. Абыхэм ялъэгъун хуейщ я адэхэм я фэеплъыр къэралым зэрихъумэр, пщIэ зэрыхуищIыр. Дыщогугъ мыпхуэдэ зэхуэсхэр нэхъыбэу екIуэкIыну».

Сыжажэ Алим Хэку зауэшхуэм и тхыдэм щыщу игу къигъэкIыжащ 115-нэ шуудзэм бийм и куэдагъми Iэщэ иIыгъми къимыгъэувыIэу, шым тесрэ къамэ яIыгъыу танкхэм пэщIэувэфауэ зэрыщытар. «Ди лъахэгъу цIыху мини 3-м щIигъум я псэр щIатат мамырыгъэм, Хэкум и щхьэхуитыныгъэм папщIэ. А зэманым къагурыIуат, залымыгъэр зы цIыхум е зы лъэпкъым къызэрытемыпсыхар, цIыхубэм я зэхуэдэ гуауэшхуэу ар зэрыщытыр. Дэтхэнэ зыми елъытат къэралым и къэкIуэнур. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди зэманым щыIэщ тхыдэр зыIэщIэзыгъэхуахэр, мамыру дэ дыпсэун щхьэкIэ зи гъащIэ зыта лIыхъужьхэр зыщызыгъэгъупщахэр. Мыбдеж къызэрыщыхагъэщащи, ди къалэнщ цIыхубэ зэкъуэтыныгъэм зэран хуэхъун ялэжьын зэрыхуэмейр щIэблэм къагурыдгъэIуэныр», - жиIащ Сыжажэм.

Урысейм и тхыдэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и советым и унафэщIым и къуэдзэ **Къэжэр Артур** жиIащ къэралым и тхыдэм фэеплъ махуэ куэд зэрыхэтыр. «Брест къыщыщIэдзауэ Сталинград нэс километр мини 2 дэлът, Сталинградрэ Берлинрэ я зэхуакум - километр мин 2700-рэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, совет зауэлIым километр мини 5-м нэс зэпичащ Хэкум и щхьэхуитыныгъэр, щIэблэм я къэкIуэнур ихъумэн щхьэкIэ. Махуэ 1418-кIэ ди лIыхъужьхэр къэмыланджэжу зэуащ, фашизмэр ягъэкIуэдащ. Ауэ СССР-м абы и къуэ пажэ куэдым я щхьэ халъхьащ - къэралым щыпсэум и процент 13-м. Усэшхуэ щIитащ. Абыи емыплъу, нобэ языныкъуэхэр хэтщ Урысейр «къаруунщэ» ящIыну. Иджыпсту ди нобэмрэ къэкIуэнумрэ зыхуэдэнур тхыдэм, гупсысэ пэжхэм щелъыта зэманщ», - къыхигъэщащ Къэжэрым.

КъБР-м и Архив IуэхущIапIэм и унафэщI **Щоджэн Шахим** тепсэлъыхьащ Хэку зауэшхуэр щекIуэкIа илъэсхэм щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр, лIыхъужьхэм, тылым и лэжьакIуэхэм я хъыбархэр зэрахъумэм, ахэр щызэхуэхьэса тхылъхэр къызэрыдагъэкIым. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, 2025 гъэм ТекIуэныгъэ Иныр щагъэлъапIэм ирихьэлIэу, нэхъ и пэкIэ дунейм къытемыхьа дэфтэрхэр зэрыт тхылъ къыдагъэкIыну зэрагъэхьэзырыр. Абы щIалэгъуалэр къыхуриджащ тхыдэм зыщагъэгъуэзэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ щIэиныр хъумэнымкIэ управленэм и унафэщI **Гонтарь Олег** тепсэлъыхьащ Хэку зауэшхуэм и фэеплъхэр республикэм зыхуей зэрыщыхуагъа-зэм.

«Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Бжьахъуэ Ранетэ** и гугъу ищIащ лIыхъужьхэм я фэеплъыр, я хъыбархэр хъумэным хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм хуащI хэлъхьэныгъэм, ТекIуэныгъэ Иным и илъэс 80-м и щIыхькIэ Хэку зауэшхуэм теухуа тхыгъэ щхьэхуэхэр зэрагъэхьэзырым.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ Курп Ипщэ къуажэм и курыт школым и унафэщI **Шэрий Раметэ**, КъБКъУ-м урысыбзэмрэ бзэщIэныгъэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Башиевэ Светланэ** сымэ.

Къызэхуэсахэр едэIуащ КъБР-м и къэрал Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэхэм зауэм теухуауэ ягъэзэщIа уэрэдхэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЦIыху гуащIафIэм и фэеплъу

● ЗэIущIэхэр

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Жылагъуэ жэрдэмхэмкIэ и центрым иджыблагъэ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм къызэригъэпэща зэIущIэ щекIуэкIащ. Ар теухуат УФ-м и еджапIэ нэхъыщхьэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIэныгъэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик ХьэкIуащэ Андрей Хьэнащхъуэ и къуэр къызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъум.

ЛЪЭПКЪ литературэ щIэныгъэм гуащIафIэу щылэжьа щIэныгъэлIым гъащIэ гъуэгуанэ дахэ къызэпичащ. ЦIыхум дахэу яхэтащ, IэнатIэм хьэлэлу бгъэдэтащ. Зи зэфIэкI псори щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ езыта ХьэкIуащэ Андрей и цIэкIэ къызэрагъэпэща «Iэнэ хъурейр» гукъэкIыж пшыхь дахэ хъуат. Нэхъыжьыфlым и гъащIэм къыхина лъэужьым зэрыригушхуэр, и фэеплъыр зэрафIэлъапIэр къыхагъэщу кърихьэлIахэм гукъэкIыж дахэхэмкIэ дэтхэнэри дэгуашэрт, зым жиIам адрейм къыщIигъужурэ щIэныгъэлIыр щIэрыщIэу я нэгу къыщIагъэувэжырт.

ЗэIущIэм хэтащ КъБКъУ-м и унафэщIым щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Хьэшыр Светланэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэ литературэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор БакIуу Хъанджэрий, адыгэбзэмкIэ къудамэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор БищIо Борис, КъБКъУ-м ЩIэныгъэм щыхагъахъуэ, IэщIагъэм щыхурагъэджэж и институтым и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Къэмбэчокъуэ Iэдэм, КъБКъУ-м инджылызыбзэмкIэ и кафедрэм и профессор, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Хъурей Леоренэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Джэрыджэ Арсен, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу зэIущIэм хэтащ ХьэкIуащэр щылэжьа кафедрэм и егъэджакIуэхэр, и ныбжьэгъухэр, и гъэсэнхэр, и Iыхьлыхэр.

Зэхуэсыр къызэIуихащ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Къардэн Мусэдин. Абы къыхигъэщащ ХьэкIуащэ Андрей лъэпкъ щIэныгъэм лъэужьышхуэ къызэрыщигъэнар, адыгэ литературэ щIэныгъэр абы и цIэр хэмыту уи нэгу къызэрыпхущIэмыгъэхьэнур.

«Зы цIыхукIэ ХьэкIуащэ Андрей литературэ щIэныгъэм хилъхьа гуащIэр къыпхуэмылъытэну инщ. Лъэпкъ узэщIакIуэхэм я гъащIэмрэ къащIэна тхыгъэхэмрэ иджащ, адыгэ усэ гъэпсыкIэм и щэхухэр къихутащ, тхакIуэ щхьэхуэхэм я творчествэр кууэ зэпкърихащ. Ауэ зыми хуэдэжкъым абы ди литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Щоджэнц1ыкIу Алий и IэдакъэщIэкIхэм ярищIылIа лэжьыгъэр. Андрей цIыхухэм гукъинэж ящыхъуащ хэлъа цIыхугъэмкIи. И цIыхуфIагъым имыхьэхуа щыIэу фIэщхъугъуейщ. Аращ ар щIащымыгъупщэр, ягу щIимыхур. КъызэрызгурыIуэмкIэ, тщымыгъупщэнри хьэкъщ. Ар зыхищIэу мы зэIущIэм къэкIуа дэтхэнэми фIыщIэ хузощI».

АдэкIэ Къардэн Мусэдин псалъэ иритащ Хьэшыр Светланэ. Абы къыхигъэщащ КъБКъУ-м и пщIэр лъагэу зыIэтахэм ХьэкIуащэр зэрахэтыр, еджапIэм и тхыдэм ар дыщIэпсэлъыкIэхэм языхэзу зэрыхэтыр.

«ХьэкIуащэ Андрей и гъащIэр щхьэузыхь хуищIащ мы щIыналъэм щыпсэу щIыдэлъху лъэпкъхэм я псэкупсэ щэнхабзэр хъумэным. ХьэкIуащэм и цIэр къыхэмыщу адыгэ литературэм утепсэлъыхьыныр къызэрымыкIуэу гугъущ. Щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ - ар ящыщщ псыпэхэшхэм, лъэпкъ щIэныгъэхэм и зэхэублакIуэхэм. ХьэкIуащэ Андрей иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм ущыхэплъэкIэ, гуащIэу зыхыбощIэ нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ зэпызыщIэ нэрымылъагъу къуэпсхэр, щIэныгъэ зэпыщIэныгъэхэри хэту, хъумэн зэрыхуейр, ар зэпычынкIэ Iэмал зэримыIэр. КъБКъУ-м и пащхьэ ит къалэнхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэр, щэнхабзэр, тхыдэр егъэджыным и мызакъуэу, хъума икIи егъэфIэкIуа зэрыхъуным и Iэмалхэри къэлъыхъуэныр. Адыгэбзэр IэщIагъэу къыхэзыхыр зэрымащIэм а къалэныр нэхъ хьэлъэ ещI, ауэ тлъэкIыр къэдгъэнэнкIэ Iэмал иIэкъым. Ди унафэщIхэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ яхузощI нэхъыжьым и фэеплъыр гъэлъэпIэныр жэрдэму къыхэзылъхьахэми, абыхэм ар ядэзыIыгъахэми», - жиIащ Хьэшырым.

БакIуу Хъанджэрий гуапэу тепсэлъыхьащ ХьэкIуащэм, игу къигъэкIыжащ ахэр зэлэжьэгъу къудей мыхъуу, зэныбжьэгъууи зэрыщытар. «Андрей цIыху къызэрыгуэкIт. Ухуэзамэ, гуапэу къыпщIэупщIэу, уи Iуэху зыIут зригъащIэу апхуэдэт. Къысщыхъуэрт сэ адрейхэм сахилъагъукIыу. Ауэ ар псоми фIыуэ ялъагъурт, щIалъагъури иужькIэщ къыщызгурыIуар - сэ схуэдэ дыдэу, Андрей дэтхэнэми щIэупщIэрт, лъыгъуазэрт. ГушыIэхэдзэу жысIэми, си фIэщу къыпызощэжри, Андрей и гуапагъыр дунейм темыхуэнуинт, абы фIыуэ илъагъурт дэтхэнэми хэлъ цIыхугъэри, абы хуищI пщIэр гъунэншэт. Апхуэдэ дыдэуи и гуащIэм и гъунэр къыпхуэмылъагъуу лэжьакIуэшхуэт. Сыт хуэдэ лэжьыгъэ зримыпщытми, и щIэр къыщIигъэщу кууэ хыхьэрт, къиIэта Iуэхугъуэм узэрыбгъэдыхьэ хъун гъуэгу къигъэнакъым жыпIэну набдзэгубдзаплъэу хэплъэрт. Андрей адыгэбзэшхуэ Iурылъащ, къызэрымыкIуэу бейуэ, жыIэгъуэрэ псэлъафэкIэ гъэнщIауэ. Япэ ища цIыхур гум къыщIинэж щхьэусыгъуэхэм ящыщщ абы бгъэдэлъа фIагъыр. Языныкъуэхэм ар цIыхугъэкIэ къащтэфынущ, нэгъуэщIхэри абы щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ бгъэдыхьэфынущ. Ауэ Андрей деж цIыхугъэри щIэныгъэри щызэIэпэгъут, зыр хэмыту адрейр щыIэтэкъым. Абы къыхэкIащ ар гъэсакIуэ бэлыхь зэрыхъуар, и гъэсэнхэми ягу фIыкIэ къыщIинэжар», - жиIащ БакIуу Хъанджэрий.

БищIо Борис нэхъыжьыфIыр игу къыщигъэкIыжым къыхигъэщащ Андрей узыфIэзыгъэлIыкI, пщIэ зыхуозыгъэщI зэпIэзэрытагъэ зэрыхэлъар. «Илъэс бжыгъэ дэкIыжа нэужьщ, лэжьэн щIэддзауэщ, Андрей хуиту депсэлъэф щыхъуар. Iуэхум кууэ хэплъэф цIыхут ар. Сыт хуэдэ къэхутэныгъэ иримыгъэкIуэкIми, зы тхыгъэкIэ зэфIэкIыртэкъым, атIэ и лъащIэм нэс къыщыщIэгъэлъауэ лэжьыгъэшхуэхэр утыку кърихьэрт. Сыт и уасэ, псалъэм папщIэ, «Адыгэ усэм и гъэпсыкIэ» лэжьыгъэшхуэр, Щоджэнц1ыкIу Алий теухуауэ дунейм къытригъэхьа тхыгъэхэр. КъБКъУ-м щымылэжьэжу тIысыжа нэужьи, абы тхэныр зэпигъэуакъым, тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ. УзыIэпызышэ бзэкIэ тхащ Теунэ Хьэчим теухуа и тхылъ хьэлэмэтри. Курыт еджапIэхэм зэрыщеджэн тхылъхэр зэхэгъэувэн хуейуэ унафэ къыщаIэтым, 9-нэ классым и литературэр зэраджын хрестоматиер зэхэлъхьэн хуейти, Андрей си цIэр къигъэлъэгъуауэ щытащ. Абы и фIыгъэкIэ зэреджэн тхылъхэм я зэхэлъхьэным пыщIа сыхъуащ. Сэ къызолъытэ Андрей и гъащIэм лIыхъужьыгъэкIэ уеджэ хъуну, абы хуеплъэкI дэтхэнэми ар щапхъэ яхуэхъуну», - жиIащ БищIо Борис.

«Андрейрэ сэрэ зы кафедрэм илъэс 35-кIэ дыщызэдэлэжьащ. Ар сэр нэхърэ илъэс 29-кIэ нэхъыжьт, ауэ си фIэщ хъуркъым абы и нэхъыжьыгъэр зыхэсщIэн хуейуэ щытыкIэ сыщригъэува къэхъуауэ. Дапщэщи уигъэгушхуэрт, Iуэху къыплъыкъуэкIамэ, къызэрыпкъуэувэн Iэмал къилъыхъуэрт, псалъэкIэ уигъэгушхуэрт. Си диссертацэ лэжьыгъэр хьэзыр хъуауэ пщэдей хуэдэм сежьэну, къэпсалъэри нызэрыздэкIуэр къызжиIат. Ар дапхуэдэу зэрыпщыгъупщэнур. ЗэрыцIыху гупцIанэм щыхьэт сыщIытехъуэн щытыкIэ куэд сихуащи, хьэкъыу жызоIэ, Андрей нэгъэсауэ ныбжьэгъу пэжу, нэхъыжь щыпкъэу зэрыщытар», - жиIащ Къэмбэчокъуэ Iэдэм.

Зэхуэсым къыщыпсэлъащ зэдзэкIакIуэ, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт Мэремкъул Ларисэ, «Котляровэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм» и унафэщI Котляровэ Марие, КъБКъУ-м хамэ къэрал литературэмкIэ и кафедрэм и профессор, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Кучуковэ Зухра, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Джэрыджэ Арсен, тхылъ тедзапIэм и лэжьакIуэ Мэлей ФатIимэ, ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Табыщ Мурат сымэ. ЗэIущIэм хэтахэм псоми гуапэ ящыхъуащ абы пэIудзауэ къыщыпсэлъа, КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ ДыщэкI Марие жиIар.

Къыхэгъэщын хуейщ зэIущIэр гуапэрэ хуабэу зэрекIуэкIар. Псори арэзы техъуащ Хъурей Леоренэ къыхилъхьа гупсысэм - ХьэкIуащэ Андрей и цIэкIэ щIэныгъэ зэхуэс къызэгъэпэщын зэрыхуейм. ЖэрдэмщIакIуэхэми апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр игъуэу къалъытащ, Iуэхур адэкIэ щрагъэкIуэкIыну зэманымрэ Iэмалымрэ елъытауэ аращ.

Зэхуэсым хэтахэм фIыщIэ яхуищIыжащ Андрей ипхъу Мадинэ. Игу къызэфIэнар зэригъэIэсэжыр зыхэпщIэу, абы къыхигъэщащ и гъащIэм зы гуапагъэ хуэзамэ, мы зэIущIэр абыхэм я щIыIу къызэрыкIуэр. «Си адэм ехьэлIауэ Iэджэ гукъэкIыжи, Iэджэ псалъэ гуапи зэхэсхырт. Ауэ нобэ сызэдэIуам и ныкъуэми сыщыгъуазэтэкъыми, сфIэIэфу, си гур къыдришейуэ, си псалъэ яхэслъхьэмэ, зыгуэр сIэщIэхунущ, жысIэу сынывэдэIуащ. Си адэр зэрыфщымыгъупщэм щхьэкIэ Тхьэм фигъэпсэу! Нэхъ лейуэ захуэзгъэзэну сыхуейт адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и лэжьакIуэхэм. Абы и лэжьакIуэхэм хуэдэу нэхъыжькIэ фIырэ гулъытэкIэ къэмыланджэрэ урихьэлIэну гугъущ. Зы илъэс къэмынэу, дыгъэгъазэм и 27-м, ахэр зэрыIыгъыу накIуэрт си адэм деж, къыщIэупщIэну, бгъэдэсыну, къыщалъхуа махуэр къыдагъэлъэпIэну, илъэсыщIэмкIи къехъуэхъуну. Си адэм абы иужькIэ игъуэт гукъыдэжыр кIыхьу хурикъуу щымытауэ си фIэщ хъуркъым. Щхьэщэ фхуэфащэщ», - жиIащ ХьэкIуащэ Мадинэ.

Зэхуэсыр и кIэм щынэблагъэм, Къардэн Мусэдин къыхигъэщащ къэпсэлъэну гукъыдэж зиIахэр куэд дыдэ хъууэ зэрыщытар. «Нэхъыжьым гъуэгу зритауэ нобэ щIэныгъэми егъэджэныгъэми щылажьэр мащIэкъым. Дэтхэнэми жиIэжын и куэдщ. Ди гуапэщ гуащIафIэу къэпсэуа ХьэкIуащэ Андрей и фэеплъыр мыужьыхыу цIыхугум зэрилъыр. Ди зэIущIэм къигъэлъэгъуащ щIэныгъэлIым и фэеплъыр зэрыбгъэлъэпIэн Iэмал куэд зэрыщыIэр. Абыхэм дегупсысынщ, зэдгъэхъулIэнщ. Ди зэхуэсыр Iуэху зыщIу къытхуеблэгъахэм Тхьэм и нэфIыр къыфщыхуэ», - ехъуэхъуащ къызэхуэсахэм Къардэн Мусэдин.

Зи гупсысэри IуэхущIафIэхэри къызыхэкIа лъэпкъым щхьэузыхь хуэзыщIа ХьэкIуащэ Андрей и фэеплъыр уахътыншэщ. Абы и къалэмыпэ къыщIэкIа тхыгъэхэр зэрыщыту тхыдэщ, гъащIэ гъуэмылэщ. ИкIи, шэч хэлъкъым, ахэр гъуазэ зыщI, зэхищIыкIыу и лэжьыгъэм хэзылъхьэ дэтхэнэри зэрехъулIам. Лъэпкъым и псэкупсэ къэгъэщIыгъэхэм я IэфIыпIэр зыхэпщIэну гугъущ Андрей и «дыщэ кIадэр» хэмыту.

ШУРДЫМ Динэ.

Бжьыхьэсэр и кIэм ноблагъэ

ЩэкIуэгъуэм пасэу къэкIуа уэсым иужькIэ дунейм нэхъ зэрызиIэтыжу республикэм и мэкъумэшыщIэхэр бжьыхьэсэм пэрыхьэжащ.

КъБР-м и щIыналъэ администрацэхэм мэкъумэш-промышленнэ комплексымкIэ я управленэхэм къызэратамкIэ, бжьыхьэсэр тращIащ гектар мин 64-м, абы щыщу гектар мин 45-м гуэдзыр, гектар мин II,5-м - хьэр, гектар мини 6,6-м – рапсыр хасащ, адрей къэнар ирагъэубыдащ Iэщым ирагъэшхыну къэкIыгъэ щхъуантIэхэмрэ, гуэдзымрэ хьэпцIиймрэ къытрагъэхъукIа тритикале къэкIыгъэмрэ.

«Россельхозцентр»-м и щIыналъэ къудамэм и IэщIагъэлIхэм зэрыжаIамкIэ, бжьыхьэсэр зытращIэну щIым и процент 65-р щыIэ мардэм къотIасэ, 35-ми арэзы утехъуэ хъуну къалъытащ.

Ипэ илъэсхэми хуэдэу, 2025 гъэм кърахьэлIэжыну гъавэр тращIэну гектар мин 65-м щIигъу мы гъэми хухахынущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэпыщIэныгъэхэм зрагъэужь

ЕтIанэгъэ накъыгъэм и 9-м Москва и Ут Плъыжьым щекIуэкIыну ТекIуэныгъэм и парадым хэтыну Урысейм кърагъэблэгъащ Корея ЦIыхубэ-Демократие Республикэм IэщэкIэ зэщIэузэда и къарур.

УРЫСЕЙ Федерацэм зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Белоусов Андрей Пхеньян къалэм щыIэщ КНДР-м и УнафэщI Ким Чен Ын икIи жриIащ Корее Ищхъэрэм и дзэр ТекIуэныгъэ махуэшхуэм щалъэгъуну зэригуапэр. Апхуэдэу министрым къэрал унафэщIым фIыщIэ хуищIащ Урысейм къыхуаIэ зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ лэжьыгъэ щхьэхуэхэр зэрырагъэкIуэкIым папщIэ. Белоусовым и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, КНДР-р ящыщщ зыми и унафэ хэмылъу зи политикэр езыгъэкIуэкIыж къэрал закъуэтIакъуэхэм.

УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, зэIущIэм щытепсэлъыхьащ къэралитIым я зэпыщIэныгъэм зэрызрагъэужьынум, зэгурыIуэныгъэхэр зэрызращIылIэнум.

И къулыкъум текIащ

УФ-м хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм хъыбар къызэритамкIэ, Сирием и президент Асад Башар къэралым щекIуэкI зэныкъуэкъур зэфIэхыным хэтхэм ящыщ зыбжанэм епсэлъа нэужь, и къулыкъум зэрытекIымкIэ унафэ ищIри, щIыналъэм икIащ.

АСАД Башар и унагъуэр и гъусэу Москва къэкIуащ, Урысейм абы цIыхугъэ кIэлъызэрихьэу, и щIыналъэм кърагъэхьащ. РИА хъыбарегъащIэ агентствэм къызэритымкIэ, Урысейм сытым деж и къигъэлъагъуэу щытащ сирие зэныкъуэкъур зэфIэхыным политикэ унафэ тэмэм къызэрыхуэгъуэтыпхъэр икIи къелъытэ ООН-м и унафэм щIэту зэпсэлъэныгъэхэр Iэмал имыIэу щIэдзэжын хуейуэ.

Кремлым къикIа хъыбархэм къызэрыхэщымкIэ, Урысей къулыкъущIэхэр Сирием IэщэкIэ зэщIэузэда и ныкъуэкъуэгъухэм я лIыкIуэхэм йопсалъэ, абы и пашэхэр шэсыпIэ ихьащ я къэралым щыIэ урысей дзэ базэхэмрэ дипломатие IуэхущIапIэхэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщыну. Урысейр мэгугъэ къэралитIым яку дэлъ политикэ зэпыщIыныгъэм пащэну, лъэныкъуитIми я фейдэ зыхэлъ зэхущытыкIэхэм адэкIэ зрагъэужьу зэдэлэжьэну.

Дыгъэгъазэм и 10, *гъубж*

♦ **ЦIыхум и хуитыныгъэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦ **Футболым и дунейпсо махуэщ**

♦ **Урысей МВД-м связымкIэ и къулыкъур къыщызэрагъэпэща махуэщ**

♦ **1935 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъыш Нухь**.

♦ **1936 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Лафыщ Мухьэмэд**.

♦ **1938 гъэм** къалъхуащ дирижёр цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым тIэунейрэ и лауреат **Темыркъан Юрэ**.

♦ **1938 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Былымгъуэт Борис**.

♦ **1939 гъэм** къалъхуащ уэрэдус, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Согуэ Данил**.

♦ **1970 гъэм** къалъхуащ самбо бэнэкIэмкIэ дунейм пщыкIузрэ и чемпион хъуа **Хьэсанэ Мурат**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 11, *бэрэжьей*

♦ **Бгыхэм я дунейпсо махуэщ**

Тангэ къэфэкIэм и дунейпсо махуэщ

♦ **1956 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ КПСС-м и обкомым и япэ секретару хахащ.

♦ **1922 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щхьэгуэш ШотIэ**.

♦ **1935 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Абей Виктор**.

♦ **1956 гъэм** къалъхуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Сэкрэк Владимир**.

♦ **1967 гъэм** къалъхуащ «Кабардинка» ансамблым и къэфакIуэ пажэу щыта, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Егъэн (Багъэтыр) Мадинэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Шыпхъум и гур дэлъхумкIэ гъэзащ.

Зы унагъуэм хуэдэу

● ЕджапIэ

Налшык къалэ ЦIагъуэ Нурий и цIэр зезыхьэу дэт 31-нэ курыт школыр къызэрызэIуахрэ дыгъэгъазэм и 6-м илъэс 31-рэ ирикъуащ. Гъуэгуанэфl зэпызыча еджапIэм и унафэщIхэм, абы къыщызэлажьэхэм псалъэ гуапэкIэ захуэзгъэзэну сыхуейт.

ЩIЭНЫГЪИ IэщIагъи зэрызрагъэгъуэтыным хуэпабгъэ сабий узыншэ, щIэблэ губзыгъэ дяпэкIи къыщIигъэкIыну, ныбжьыщIэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ зэкъуэту, гурэ псэкIэ зэрыщIэу, сабийхэм я адэ-анэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ яку бэшэчагъ, Iэдэбагъ, фIэлыкI, зэхэщIыкI дэлъыну сахуохъуахъуэ!

ЦIыхум и Iэм Iэпхъуамбитху пытщ. Ар узыншэмэ, къаруфIэмэ, Iэпхъуамбэхэр зэдэлэжьэнущ, къэшынущ, тхури зы IэштIым пхуэщIынущ.

ЕджапIэм и тхьэмадэ Егъуэж Мирон и къуэ Анзор и «IэштIымыр» Iуэху зэфIэхынкIэ быдэу, цIыху бгъэдэтынкIэ щабэу, и псалъэр купщIафIэу, и хьэлкIэ зэпIэзэрыту, игукIэ къабзэу зэрыщытыр абы дэлажьэ дэтхэнэми зыхыдощIэ. Дэ псори дыщыгъуазэщ ар зэремызэшым, абы цIыхугъэшхуэ, хьэл-щэн дахэ, нэмыс, хабзэ зэрыхэлъым. Арауи къыщIэкIынщ, дэ, егъэджакIуэхэм, къару гуэр къыткъуэту сытым деж и къыщIытщыхъур. УнафэщIырщ зи фIыщIэр дэ псори зы унагъуэм хуэдэу дызэрызэхущытыр.

ЕджапIэм и тхьэмадэм деж къыщыщIэдзауэ хъумакIуэхэм я деж щиухыжу сынывохъуэхъу: Фи фэр дахэу, фи бзэр гуакIуэу, дяпэкIи фефIэкIуэну, фыузыншэну!

Къылыш Алёнэ и тхыгъэр тедзэным хуэзыгъэхьэзырар **КЪУМАХУЭ Аслъэнщ.**

Лъэпкъым и къуэ щыпкъэ

И ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъуар иджыблагъэ игъэлъэпIащ Адыгэ Республикэм и япэ Президент, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик, МГИМО-м щIыхь зиIэ и профессор, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием хыхьэ ЭкологиемкIэ академием, ИнформатизацэмкIэ дунейпсо академием хэт Джарым Аслъэн Алий и къуэм. Абы и гъащIэм, зыпэрыта къулыкъум щиIа ехъулIэныгъэхэм, адыгэлI щыпкъэу дунейм зэрытетым теухуа тхыгъэ «Адыгэ псалъэ» газетым къригъэхьащ КъШР-м щыщ, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Даур Борис.

ДЖАРЫМЫР Куэшхьэблэ районым хыхьэ Еджэрыкъуей къуажэм къыщалъхуащ, и адэ-анэр щIым телэжьыхь цIыху къызэрыгуэкIхэт. Я бынхэр зыхуей хуагъэзэн, щIэныгъэ нэхъыщхьэ ирагъэгъуэту гъащIэм лъэ быдэкIэ хагъэувэн щхьэкIэ я къару щымысхьыжу лэжьащ. Аслъэн Кубань мэкъумэш институтыр къиухащ, «ЩIэныгъэлI агроном» IэщIагъэр иIэу, икIи аспирантурэм щIэтIысхьэжри, кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIащ, КПСС-м и ЦК-м Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ и академиер 1985 гъэм къиухащ, «ЩIэныгъэхэмкIэ доктор» цIэ лъапIэри къыхуагъэфэщащ.

ГъащIэм набдзэгубдзаплъэу зэрыхущытымрэ щIэныгъэ куу зэрыбгъэдэлъымрэ къыхуэсэбэпри, колхозым мэкъумэшыщIэу щыщIэзыдза щIалэр республикэм и япэ Президент хъуащ. Ар сыт щыгъуи зыхэтхэм, зыдэлажьэхэм къахэщырт и акъылым и жанагъкIэ, зыпэрыт Iуэхум зэрыхуэшэрыуэмкIэ, и псалъэм, Iуэхущ Iафэм зэрыхуэпэжымкIэ, цIыхугъэшхуэ зэрыхэлъымкIэ. Псом нэхъыщхьэращи, къулыкъушхуэмрэ унафэ щIынымрэ екIуу зэрихьащ, пщIэшхуэ иIэу.

Аслъэн къулыкъушхуэр къыхуагъэфэща нэужь, и Iущагъри, къарури, зэфIэкIыри ирихьэлIащ Адыгейм и жылагъуэ гъащIэр зэрыхъукIэ къызыхуэтыншэу зэтегъэувэным. 1990 гъэм Адыгей автоном областым и ЦIыхубэ депутатхэм я советым и тхьэмадэу ягъэува нэужь, Адыгейр Урысей Федерацэм и зы щIыналъэ щхьэхуиту хэувэным лэжьыгъэшхуэ ирихьэлIащ. Адыгейр хэгъэгу щхьэхуэ хъууэ, Аслъэн тхьэмадэ ящIа нэужь, республикэм и къэралыгъуэр зэфIэувэнымкIэ хищIыхьар къыпхуэмылъытэным хуэдизщ. Абы и акъылыфIагъымрэ иригъэкIуэкI политикэ набдзэгубдзаплъэмрэ я фIыгъэкIэ, Адыгейр республикэ щхьэхуэ хъуа щхьэкIэ, Краснодар крайм пэIэщIэ хъуакъым, илъэс пщIы бжыгъэкIэ зэфIагъэува зэхущытыкIэр иджыри я зэхуаку дэлъщ.

Аслъэн къэрал къулыкъу лъагэм щыпэрыта илъэсхэр тхыдэм къыхэнащ Адыгэ Республикэм и къэралыгъуэр нэхъ быдэ щыхъуа лъэхъэнэу, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм зыщиужьа, лъэпкъ зэхущытыкIэхэр щефIэкIуа, хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ нэхъыбэу зэпыщIа щыхъуа илъэсхэу. Адыгеймрэ абы и япэ Президентымрэ дунейпсо цIэрыIуагъ къахуэзыхьар Джарымым зэфIиха, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэрщ. УФ-м и МИД-м и гъусэу хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ятеухуа Iуэхушхуэ зэфIигъэкIащ абы. А лъэхъэнэм зауэ къыщыхъея Косовэ щыпсэу адыгэхэр хэкум къишэжыфащ, псэупIэ къахудихыфащ, уеблэмэ къуажэ щхьэхуэу игъэтIысыжри, хэкум щекIуэкI псэукIэм хигъэзэгъэжащ. Президент къулыкъум щыпэрытым апхуэдэ дыдэу дэIэпыкъуащ куржыхэр къызытеуа Абхъазым. Политик лъэрызехьэр а зэпэщIэувэныгъэм зэрыхэлIыфIыхьам щхьэкIэ «Кавказым мамырыгъэр щыгъэIэнымкIэ сэбэп зэрыхъуам папщIэ» дунейпсо саугъэтыр къыхуагъэфэщауэ щытащ. Джарымым и деж щыплъагъу хъуну фIыщIэхэм ящыщщ УФ-м и Президентым Кавказым ис лъэпкъхэм Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 130-рэ щрикъум Зэрызакъыхуигъэззауэ щытари. Ельцин Борис 1994 гъэм накъыгъэм и 21-м утыкум щигъэIуат ар. Абы къыщыгъэлъэгъуат бгырысхэр я щхьэхуитыныгъэмрэ хуитыныгъэмрэ апхуэдиз илъэскIэ зэрыщIэзэуар захуагъэу. Шэч хэмылъу, Кавказ Ищхъэрэм и жылагъуэ-политикэ гъащIэм а лъэхъэнэм щекIуэкI тkIиягъыр нэхъ къигъэлэлат Президентым и жыIэм.

1997 гъэм и щIышылэм Джарымыр етIуанэу хахыжащ икIи сэбэпынагъ куэд къэзышэ и лэжьыгъэм къыпищащ. Абы и фIыгъэкIэ Адыгэ педагогикэ институтыр университет ящIауэ щытащ. Абы щылэжьэнухэр щагъэхьэзыр фонд къызэригъэпэщащ, икIи университетым къыщIигъэкIыу хуежьащ Адыгейм и курыт школхэм щылэжьэн, щIалэгъуалэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ езыгъэгъуэтыфын IэщIагъэлIхэр. Курыт еджапIэхэр къэзыухахэр Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфIхэм щIэтIысхьэрт икIи ехъулIэныгъэфIхэр яIэу къаухырт. А илъэсхэм цIыху 20-м щIигъу щеджащ Дунейпсо зэхущытыкIэхэмкIэ къэрал институту Москва дэтым, езы Аслъэн МГИМО-м щIыхь зиIэ и профессор хъуащ. Щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ политик цIэрыIуэм къехъулIахэм ящыщщ Адыгейм и симфоние оркестр, «Ислъамей», «Налмэс», «Русская удаль» ансамблхэр къызэрызэрагъэпэщар, телевидение, мэжджыт, нэгъуэщIхэри къызэрызэIуахар.

ЗэчиифIэу къигъэщIа цIыхум сыт и лъэныкъуэкIи зэфIэкI бгъэдэлъщ. Джарымым и студентыгъуэм спортым дихьэхыу щытащ икIи зыIэригъэхьар ехъулIэныгъэ мащIэкъым. Ар самбомкIэ СССР-м спортымкIэ и мастер хъуащ, Урысейм чемпион щыхъуащ, Совет Союзым пашэ щыхъунымкIэ зэпеуэм щытекIуащ, 2000 гъэм самбом и ветеранхэм я зэпеуэм дунейпсо чемпион щыхъуащ. Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэмрэ спортым зэрыдихьэхымрэ, шэч хэмылъу, сэбэп хуэхъуащ Адыгей Республикэм спортым зыщиужьынми.

Адыгэ хабзэ, дипломат зэфIэкI, къызэгъэпэщакIуэ нэсым и хьэл-щэн зэрыхэлъыр къыщыхуэсэбэпащ дипломат къулыкъуми. Президент къулыкъур пIалъитIкIэ ирихьэкIа нэужь, ар Генеральнэ консулу Варнэ (Болгарие) ягъэкIуауэ щытащ. А IэнатIэ мытыншым пэрытыху хузэфIэкI къигъэнакъым илъэсищэ бжыгъэкIэ Урысеймрэ Болгариемрэ я зэхуаку дэлъа зэхущытыкIэфIыр нэхъри егъэфIэкIуэнымкIэ.

Сэ пщIэшхуэ хузощI хабзэрэ цIыхугъэрэ, хахуагъэрэ лIыгъэрэ зыхэлъ, зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж цIыхухэм. Апхуэдэщ Джарым Аслъэн. Езыр цIыху зэпIэзэрытщ, мамырыгъэмрэ ныбжьэгъугъэмрэ япэ иригъэщ щыIэкъым, цIыхумрэ цIыхугъэмрэ и гъащIэм щынэхъыщхьэщ. Хэлъ щэныфIагъымрэ пэжагъымрэ зигу дэмыхьэ цIыху къэгъуэтыгъуейщ, арагъэнщ псоми дзыхь къыхуащIу, и ныбжьэгъугъэр ялъытэу къыщIыбгъэдэтыр, щапхъэ щIытрахыр.

Си щхьэкIэ, лэжьыгъэ Iуэху мыхъуу, зыбжанэрэ сыхуэзащ Джарымым. Москва, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм дыщызэрихьэлIати, и цIыхугъэмрэ гуапагъэмрэ сатхьэкъуат. Лъэпкъ зэхэгъэжыр игу къэмыкIыххэу топсэлъыхь ар ди хэгъэгухэм, гуапэу я гугъу ещI хамэ къэралхэм икъухьа щыхъуа ди лъэпкъэгъухэм. Москва нэкIуа нэужь, зы адыги гулъытэншэ ищIыртэкъым. Гуапэу хущытт Урысейм и ЛIыхъужь, адыгэ щIалэ, кхъухьлъатэзехуэ Мэзыхъу Владимир. Сэ илъэс куэдкIэ сыкIэлъыплъащ абы и узыншагъэм, абы къыщIэупщIэ зэпытт Аслъэн икIи сыт щыгъуи къызжиIэрт кхъухьлъатэзехуэм и узыншагъэм сытемыплъэкъукIыну. Сэ а лъэIур згъэзэщIащ, Владимир псэуху къуэш нэхъыжьым хуэдэу сыхущытащ. Джарымым и ныбжьэгъугъэм теухуа хъыбар дахэ куэд щыIэщ. Щапхъэу бгъэлъагъуэ хъун ныбжьэгъугъэщ Къэрал саугъэтым тIэунейрэ и лауреат, академик ГъукIэлI Юрий, тхакIуэ цIэрыIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ, генерал - лейтенант Быж Айтэч сымэ зэрабгъэдэтыр. Апхуэдэ дыдэу ди республикэм щыщ нэхъыжьыфIхэу Аргун ПIатIрэ Арэшыкъуэ Къанщауэрэ псэуху къуэшым хуэдэу къахущытащ. Къанщауэ и илъэс 90-р щигъэлъапIэм, Адыгейм къикIа ди къуэшхэр, Джарым Аслъэн зи пашэ гупыр, сэрат къезыгъэблагъэр. ТхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ, профессор Хъунэгу Рашид сымэрэ ди нэхъыжьхэмрэ я зэхущытыкIэм къигъэлъагъуэрт, ахэр зэныбжьэгъу къудейуэ мыхъуу, зы анэ къилъхуам хуэдэу гулъытэ зэрызыхуащIыр.

Джарым Аслъэн и гуащIэдэкIыр лъагэу къилъытащ къэралым. Абы къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр, «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр, Зэныбжьэгъугъэм и орденыр, «ПщIэрэ щIыхьрэ» орденыр. Апхуэдэуи къратащ «Кубаным ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэмрэ «Адыгейм и щIыхь» медалымрэ. Ар Абхъазым, Мейкъуапэ щIыхь зиIэ я цIыхущ, Джарымым и цIэр зэрехьэ Куэшхьэблэ и зы уэрамым, Еджэрыкъуей дэт курыт еджапIэм.

Зыгъэхьэзырар
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● ДифI догъэлъапIэ

● Адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ

Гъуазэрыплъ къуажэкIэм

Мы тхыгъэм ипэ къихуэу дэ кIэщIу щыгъуазэ фыхуэтщIащ адыгэхэм я хэкужьу щыт Ищхъэрэ-КъухьэпIэ Кавказым зыплъыхьакIуэ тIэунейрэ дызэрыкIуауэ щытам. Зыгуэрым жиIэгъащ: «Уэрэ сэрэ дэнэ дыщыпсэур? Кавказ къудейкъым, пэжкъэ? АдыгэщIщ...»

ИПЭХЭМИ хуэдэу, мы зекIуэми видео-тхыгъэхэр къыздитхат. Абы еплъахэм ящыщщ си ныбжьэгъу, Къармэхьэблэ къыщыхъуа налшыкдэс Бышэн Хьэбас. Ари сэщхьу и телъхьэщ «адыгэу ущытыным» къикIыр Къэбэрдейм ущалъхуауэ зыкъэплъытэжыным и закъуэкIэ зэрызэфIэмыкIым. Дэ дызэрегупсысымкIэ, «къэбэрдей къэухь зэщыкъузам» къимыкIыфым адыгэу зибжыжыныр мащIэщ.

ГъэмахуэкIэм ирихьэлIэу Бышэным зыгъэпсэхуакIуэ здришэжьэн хуей хъуащ и къуэ Аслъэнрэ абы и ныбжьэгъу цIыкIу Мэремыкъуэ Амиррэ. НыбжьыщIэхэр хы Iуфэм хуеIэрт, Хьэбасрэ дэрэ Адыгейм щыIэ бгыщхьэ тафэ Лагъуэнакъэ дыдэкIыну дыхуейт. Абы хэту Тхьэшхуэм сигу кърилъхьащ зэ еплъыгъуэкIэ зэтемыхуэ гъуэгуанитI зэщIэбгъэхьэ зэрыхъуну щIыкIэр. Илъэс куэд и пэкIэ сIэщIэлъэгъуауэ щытат «Адыгейм узэпхрыкIыу - хы Iуфэм!» жыхуиIэ географ картэ зэрыт тхылъ цIыкIур. Ар сигу къызэрыкIыжу ныбжьэгъум есIуэтылIати, апхуэдэ гъуэгуанэ мытыншым дызэдытехьэ хъуну къэтлъытащ.

ДыщызэгурыIуэм, щIалиплIыр дитIысхьащ Налшык икIыу Мейкъуапэ кIуэ автобусым. Адыгейм и къалащхьэм дынэблэгъащ пщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу. Мейкъуапэ дынэсыным километри 4 фIэкIа имыIэжу Махуэхьэблэ къуажэ цIыкIум гъунэгъу дыхуэхъуащ. А жылэм и къэунэхукIэ хъуам Хьэбасрэ дэрэ дыщыгъуазэ щхьэкIэ, щIалэхэм зэхедгъэхмэ ди гуапэу, хъыбарыр яхуэтIуэтащ.

Югослав къэралым и зы Iыхьэу щыта Косовэм зауэ щекIуэкIырт. А щIыпIэм илъэси 100-м щIигъукIэ щыпсэуа адыгэхэр зэхэзехуэн щыхъуати, Адыгэ Республикэм а зэманым и Президенту щыта Джарым Аслъэн и фIыщIэкIэ хэхэсхэр хэкужьым къашэжри, къуажэ щхьэхуэу ягъэтIысыжат...

Вокзалым къыщытпэплъэрт си щхьэгъусэм и дэлъху Тхьэрыкъуахъуэ Азэмэт. Ар Мейкъуапэщ щыпсэур. Аращ япэ пщыхьэщхьэм бысым тхуэхъуари.

Нэху дыкъекIащ, Мейкъуапэ дыщыщахуэу, Щхьэгуащэ псыхъуэмкIэ дэдгъэзеин мурадыр диIэу.

Азэмэт Мейкъуапэ бэзэрым дытришэу дызыхуеинухэр къэтщэхуа нэужь, иджыри зэ дызэчэнджэщыжащ. Псоми къыдгурыIуэрт хы ФIыцIэм лъэсу ухуэкIуэну ухуеймэ, зыщIиплъэфыхьыжын зэрыщымыIэр. Щхьэгуащэ псыхъуащхьэр зи хэщIапIэ, гъуэгур щиух Гъуазэрыплъ псынщIэу дынэсын хуейт, абдеж зыщыдгъэпсэ-хуу, къыкIэлъыкIуэ махуэм бгым дихьэн хуэдэу. Азэмэт ар щызэхихым, аргуэру дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуащ. И машинэ псынщIэм «дигъэкIэсри», Къэбэрдейм икIа щIалиплIыр бгым хуэкIуэ гъуэгу нашэкъашэм дытришащ.

Нэм къиплъыхьыр щIэщыгъуэ къызыщыхъу ди гупыр Щхьэгуащэрэ КIыщейрэ щызэхэлъэдэж щIыпIэ дахэкIейм дыIулъэдащ. «Гу псынщIэм» дыкъыщикIым, щIалэ цIыкIухэр лъэтэным хуэдэт. ПсышхуитI зэхыхьэжымрэ абы ирагъэщI Iэуэлъауэ лъэщымрэ я ни я пси дихьэхат. Дыхуэсакъыпэурэ къуэладжэм дыдыхьащ. АдэкIэ-мыдэкIэ псыхъуэм дэлъ мывэ дзакIэжьхэр я теплъэкIи я фэкIи зэмылIэужьыгъуэбэт, щхъуэкIэплъыкIи, фIыцIи, хужьи, къинэмыщIи яхэплъагъуэрт.

Машинэм «дышэсыжри», куэд дымыкIуу дихьащ Гъуазэрыплъ къуажэкIэм зыщызыуфэбгъуа хуей дахэшхуэм. Псышхуэ здыIутым нэмыщI, ар ягъэдахэрт зипкъэр IэплIакIуитI-щы хъу, зи щхьэкIэхэр метрипщIым щIигъукIэ зыIэта уэздыгъей уардэхэм. Абдежым тIэкIу дыщедзакъэри, щыкъу щIалэр къэдутIыпщыжащ.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкIт. «Жэщхэс пщыIэ» дыухуэн хуейтэкъэ? ЩIалиплIым нэхъыжьу Хьэбас хэтхащ. «МафIэ щIынкIэ Iэзэр унагъуэ зэгъэзэгъщ», жыхуиIэрати, ди гуп цIыкIур псом япэ абы иужь дихьащ.

Къыздетхьэжьа чэтэн унэ цIыкIуитIри дызэдэIэпыкъуурэ къэдухуащ. МафIэ бзий дигухэр хэзыгъахъуэхэм нэмыщI, Щхьэгуащэ псышхуэр зыщыбгъэпскIынкIэ зэгъыу къызэрыщIэкIари телъыджэт. Хьэбас зыуи къыщымыхъуу зэпрысыкIащ япэ зекIуэгъуэхэм щIыIэмылу икIи шынагъуэу къытщыхъуа псым и куупIэхэм. АдрыщIымкIэ зэ зыкъыщигъэлъагъуэри, къыщытфIэмыIуэхужым, ди «шуупэгъуазэр» бзэхащ. Къыщыунэхужам, Хьэбасу плъагъур Щхьэгуащэпсым зимыгъэIейуэ, и Iэхэр ди дежкIэ къищIу, «фыкъакIуэркъэ?» кърigъэкIыу, псыкум и хуэмыпIэхэм и пщэм къэсу хэтт.

ЩIалэ цIыкIуитIым садэщIыгъуу псым дыхэмыхьэу къытхуидакъым. Арати, тIэкIуи дыщыджэгущ, дыщесри, ди «пщыIэр» здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ дыкъыщыхэкIыжащ. Хьэбас псышхуэм зэпрыкIри, яхъумэ щIыпIэ дахэми зыщиплъыхьащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, адрыщIымкIэ уекIуэтэхмэ, пасэрей испы унэжь итщ. Абы и ныбжьыр, щIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, илъэс мини 4 - 5-м ноблагъэ. Апхуэдэ ухуэныгъэу адыгэ-абхъазхэм я щIыналъэжьым 2000-м щIигъу итщ.

«ДольменкIэ» зэджэ испы унэжьхэм теухуауэ фильм гъэщIэгъуэн къыдэкIащ. ЩIэныгъэлI-археолог Дмитриев Александр и IэдакъэщIэкIщ ар. Абы къыхэщ гупсысэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ хы ФIыцIэ Iуфэм егъэщIылIа Абхъаз-Адыгэ щIыгужьым щыпэрыхьэт мывэ унэжь зэмылIэужьыгъуэхэм я къежьэкIэ хъуам тэмэму зыри зэрыщымыгъуазэр. «Ар зы лъэпкъ гуэрым и IэдакъэщIэкIыу жыпIэнри тэрэз дыдэкъым», - жеIэ фильмым къыщыпсалъэ щIэныгъэлIым.

«Зи ныбжьыр жьы дыдэ апхуэдэ унэ ухуэкIэм уащрохьэлIэ хы Щхъуэм (Курытых, Средиземнэ) и Iуфэм Iус языныкъуэ къэралхэми Болгариеми. АрщхьэкIэ къагъэлъагъуэ зэкIэлъыкIуагъэкIэ, мывэ зэтелъхьэкIэм и зэмылIэужьыгъуагъэкIэ Кавказ КъухьэпIэм щыIэ дольменхэм ялъэщIыхьэн дуней псом щытебгъуэтэнукъым», - щыжаIэр зи гугъу тщIы фильмым къыщыпсалъэхэм.

Мывэ джафэжь зэтелъхьахэм адыгэхэр зэреджэ «испы унэ» цIэр нарт эпосым къыхэкIащ. Испыхэр нартхэм зэми къезауэу, зэми къекIуэжу щыта лъэпкъ цIыкIуэжьейщ. Дапхуэдэу щымытми, мывэжь къыхэIущIыкIахэр телъыджэщ. Ахэр сытым хуэдэу екIурэ Абхъаз-Адыгэ хэкужьым! Апхуэдэ ухуэныгъэхэм иджыри «мегалиткIэ» йоджэ. «Испы унэхэм» тепсэлъыхьын дыухакъым, ауэ иджыпстукIэ къэдгъэзэжынщ ди хуеижьым.

Дыкъызэрыхута фэхур зэрыщIыпIэ хьэлэмэтыщэм дыщыгуфIыкIрэ къытпэщылъ гъуэгуанэми дрипIейтейуэ, чэтэн унэ цIыкIухэм нэху дыкъызэрыщекIыну зыщIэдгъэзэгъащ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм дэ къытпэщылът абазэхэ, убых Iуащхьэ лъагэхэм дащхьэдэхыу, хы ФIыцIэ Iуфэм дынэсын папщIэ, зы пIэм дикIыу адрейм дыкIуэу иджыри пщэдджыжьитху бгым къыщидгъэхьэну...

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Адыгэныр зи шыфэлIыфэ

● ЩIалэгъуэ

Бзэм, лъэпкъым, Хэкум гъунэгъу ухуэзыщI Iуэхухэр къыщызэрагъэпэщыф щыIэщ ныбжькIэ нэхъ щIалэхэми. Адыгэу псэуныр зи гъащIэ гъуэгу, зи хабзэ, зи хьэл-щэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ медицинэмкIэ «Астра-Сфера» щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым гъэсэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и унафэщI Къэбарт Астемыр. Тэрч щIыналъэм хиубыдэ Болэтей къуажэм къыдэкIа щIалэр нобэ ди газетым и псалъэгъущ. Ди псалъэмакъыр дыублащ абы щIэныгъэрэ IэщIагъэу къыхихамкIэ...

- Курыт еджапIэм сыщыщIэсам щегъэжьауэ тхыдэм сыдихьэхырт, нэхъ къызэхъулIэрт. Къэзухмэ, дэнэ сыщIэтIысхьэн, сытым сыхуеджэн, жысIэуи сегупсысын хуей хъуакъым. Къэрал экзаменхэр стыри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым тхыдэмкIэ и къудамэм сыщIэтIысхьащ. Ар къэзухри, тхыдэмкIэ егъэджакIуэу Налшык дэт 14-нэ гимназием илъэс зыбжанэкIэ сыщылэжьащ. 2019 гъэм телевиденэм сыкъащтащ адыгэбзэкIэ нэтынхэр зыгъэхьэзыр тележурналисту. Нэхъапэ IуэкIэ зэрэ - тIэурэ нэтын сыхэтати, сылэжьэну срагъэблэгъат. Мы зэманым «Астра-Сфера» институтым сыщыIэщ.

- Телевиденэм щыбгъэхьэзыра нэтынхэм укъытезгъэувыIэнут...

- Телевиденэм сыщыувынум сызэлэжьыну сызыхуей проект зыкъом згъэбелджылауэ сыкIуат. Абыхэм ящыщ куэди гъэзэщIа хъуащ, зыкъоми къэнащ зэман е Iэмал щымыIэурэ. Адыгэ редакцэм и нэхъыщхьэу щыта Хьэгъундокъуэ Салисэт къалэн къысщищIу згъэхьэзыра проектыфIхэри щыIэщ. Апхуэдэщ «Лъэхъэнэхэр» нэтын зэкIэлъыкIуэхэр. Сэ тхыдэр зджати, сызытепсэлъыхьынур спэгъунэгъут. Адыгэ псапащIэхэм ятедухуауэ щытащ «ФIы щIэи псым хэдзэ» нэтын зэкIэлъыкIуэхэр. Датепсэлъыхьащ тхыдэм къыхэщыж псапащIэхэм (меценатхэм): Щэрдэн Батырбэч, ТIрахъуэ Лу, СулътIан Долэт-Джэрий, Къылышбий СулътIанбэч, нэгъуэщIхэми. Нэтын зэкIэлъыкIуэхэм ящыщщ ныбжькIэ щIалэ егъэджакIуэу IэщIагъэм къыщыхэжаныкIхэм ятедухуар, «ЕгъэджакIуэ» зи фIэщыгъэр. Къыхэзгъэщыну си гуапэщ «СщIэну сыхуейщ» тележурналри. Сытми адыгэбзэкIэ сытепсэлъыхьыну Iэмал къызитырт абы: химием, биологием, физикэм, географием, нэгъуэщIхэми. АдыгэбзэкIэ узытемыпсэлъыхьыфыну куэдым къалъытэ а щIэныгъэхэм тыншу я гугъу зэрытщIарщ а нэтынхэм я мыхьэнэ нэхъыщхьэр зыхэслъагъуэр. Къэдгъэлъэгъуащ адыгэбзэм гъунапкъэ куэд зэрызэпиупщIыфыр. Нэтыныр Iыхьэ-Iыхьэурэ зэхэтти, купщIи хэплъхьэфырт. Псалъэм папщIэ, географием теухуа Iыхьэр згъэхьэзырмэ, зы къэрал къасщтэрти, абы я щэнхабзэр, зэхэтыкIэр, псэукIэр, а щIыпIэр зыгъэщхьэхуэр къэзгъэлъагъуэрт. Химием теухуа Iыхьэр згъэхьэзырмэ, Менделеевым и таблицэм сыхэIэбэрти, къыхэсхам и фIэщыгъэр къызытекIам щегъэжьауэ, и зэхэлъыкIи, къыщысэбэпи, и хьэлъагъми, дапхуэдиз пщтрагъым игъэткIуми - псори къызэпкърысхырт. Псэущхьэхэм ятеухуа Iыхьэри щIэщыгъуэ пщIы хъурт. Къэрал жыжьэхэм сыIэбэурэ, нэхъ гъэщIэгъуэну къысщыхъу псэущхьэхэм, бзухэм я гугъу сщIырт. Псалъэм папщIэ, хьэпцIащхъуэм теухуауэ сюжет згъэхьэзырауэ щытащ. ПцIащхъуэр псоми дощIэ, ауэ хьэпцIащхъуэр апхуэдэуи куэдрэ зэхэпхыркъым. АтIэ ар IуэрыIуатэми адыгэ уэрэдыжьхэми къызэрыщыкIуэм гу лъыботэж. IэщIагъэлIхэм ятеухуа нэтынхэри згъэхьэзыращ. ГъэщIэгъуэн сщыхъуахэм ящыщщ гъуазджэм хуэгъэпсахэри. Гъуазджэм купщIэ хэзылъхьэхэм ящыщу япэу нэтын зытесхар Иорданием щыпсэу адыгэ сурэтыщI Iэзэ Къэрэгъул (Ал Саид) Зайнэщ.

- Тыркум къиIэпхъукIыжа адыгэ IэпщIэлъапщIэ Тоубычэ Сонер ди газетым папщIэ къэзгъэпсалъэу, адыгэ шабзэ гъэуэкIэм ди цIыхухэр зэрыхуэвгъэсам и гугъу къысхуищIат...

- Сонер сэрэ ныбжьэгъу дызэхуищIащ адыгэ Iуэхум. Езыр мыбы иджыри щымыIэу, Тыркум адыгэ шабзэ къысхуригъэхауэ щытащ пощткIэ. Сэри шабзэм сыдихьэхащ. Сонер Хэкум къыщыкIуэжым шабзэ куэду къыздишэжащ, зэщIыгъуухи зы IуэхуфI дыублат - ди цIыхухэр шабзэрыуэным хуедгъэсэну гукъэкI тщIащ. ШабзэкIэ уэным егъэлеяуэ гупсысэ куу щIэлъщ, цIыху зэхэщIыкIым абы иритынкIэ хъуну гупсысэр пхужымыIэми зыхэпщIэфыну си гугъэщ. Зэрыщыту философиещ, къызэрымыкIуэ Iущыгъэщ. ЩIэныгъэ къэхутэныгъэшхуэхэр щыIэщ шабзэм теухуауэ. Псалъэм папщIэ, «хьэрып трактат» жыхуиIэм шабзэм цIыху зэхэщIыкIым зэрызригъэхъуэжым щытопсэлъыхь.

Адыгэ шабзэм и хъыбар куэду къыхощ ди IуэрыIуатэм: Сосрыкъуэ, Бэдынокъуэ, ТIотIрэш теухуа Iыхьэхэм дащрохьэлIэ. Абы къикIыр сыт? Мыр адыгэм къыдэгъуэгурыкIуащ.

Сонер сэрэ къызэдгъэпэщат пасэрей шабзэрыуэным щыхуэдгъасэ гуп. Мазэ зыбжанэкIэ дадэлэжьащ. Дэ пасэрей гъэуэкIэрт зыхуэдгъасэр. Мы зэманым нэхъыбэу узрихьэлIэр спорт шабзэрыуэ лIэужьыгъуэрщ. А тIур куэду зэщхьэщокI. Пасэрей шабзэм зэрытрагъапсэ гъуази иIэкъым, атIэ гурыгъуазэкIэ тыбогъапсэ. Абы щIэлъ философием егупсысыт! ГурыгъуазэкIэ шабзэ гъэуэн - уи гупсыси, зэхэщIыкIи, псантхуэу уиIэри абы теухуауэ! Шабзэмрэ уи гупсысэмрэ зы мэхъу -тIуми зэщIыгъуу зыпхадз зытрагъапсэм. Ди шыфэлIыфэр нэс хъун папщIэ щIыуэпсым къытхилъхьа зыгуэрщ шабзэ гъэуэныр. ЦIыху зыхэщIэри зэфIэкIри къегъэуш абы.

- «Астра-Сфера» IуэхущIапIэм щывлэжьхэм къытхутепсэлъыхьыт.

- МедицинэщIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Умэт Мурат «Этнокультурный код здоровья адыгов» жери тхылъ гъэщIэгъуэнищэ итхащ, адыгэм и дуней тетыкIэр узыншагъэмкIэ зэрысэбэпым теухуауэ. А тхылъыр къыщыдигъэкIам, Мурат си нэтыным езгъэблэгъауэ щытащ. Апхуэдэу дызэрыцIыхуащ. Аргуэру, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Къардэн Мусадин щIыгъуу «Бзэ. Языковой код Вселенной» и фIэщыгъэу тхылъ къыдагъэкIати, абыи тезгъэпсэлъыхьащ. Умэт Мурат и гугъу къысхуищIат медицинэмкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт зэрыщыIэм, абы щеджэхэм я деж дерсхэр щезгъэкIуэкIыныр къызэхъулIэну къызэрилъытэри къыхигъэщу. Зэман дэкIри, лэжьыгъэ IэнатIэ гуэрым зыщызгъэунэхужыну мурад щысщIым, Мурат хуэсIуэхуащ. «Астра - Сферам» и унафэщI Щоджэн Едыдж сыхуигъазэри, абы я медицинэ IуэхущIапIэм сыкIуащ. Гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ къудамэм сриунафэщIыщ. Тхыдэри студентхэм изогъэдж.

Куэд щIакъым сыкъызэрыкIуэрэ, ауэ Iуэхугъуэ гуэрхэми дыхунэсащ. Адыгэ фащэм и махуэм ирихьэлIэу Накуэ Феликсрэ ХьэцIыкIу Мадинэрэ къедгъэблагъэри, ди студентхэм яIудгъэщIащ. Адыгэм и махуэм Умэт Мурат сэрэ дерс хэхахэр дгъэхьэзыращ. Мурат адыгэ щэнхабзэр узыншагъэмкIэ зэрыщхьэпэм тепсэлъыхьащ, сэ си дерсыр адыгэм и тхыдэм тезухуащ.

- Астемыр, дэнэкIэ бгъэзэми блэжьым адыгэгу - адыгэпсэ зэрыхэплъхьэм гу лъыптэну гугъукъым. Сытым ипсыхьа апхуэдэ хьэл-щэныр?

- Гугъущ мыпхуэдэ упщIэм упэджэжыну... Адыгэ унагъуэ сыкъыщыхъуащи, арагъэнщ. Си адэр сытым щыгъуи къысхутепсэлъыхьырт адыгэ Iуэхум, адыгэбзэкIэ тхылъ IэщIэлъу слъагъуырт. Къапщтэмэ, ди унэм сыт щыгъуи тхылъыр куэду щIэлъщ. Иджыри къуажэм сыкIуэжамэ, гъэщIэгъуэну зэджахэм я гугъу къысхуещI, сегъэлъагъу. КъытIэрохьэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ «Iуащхьэмахуэ» журналымрэ. Си анэшымкIэ сыкIуэми, абы адыгэ хабзэр щалъытэрти, щапхъэ схуэхъуурэ сыкъыдэкIуэтеящ.

Къуажэдэс адыгэ унагъуэм къыщыхъуам и лъэпкъ тхыдэр гъэщIэгъуэн щымыхъуну си фIэщ хъуркъым. Анэдэлъхубзэм, хабзэ-нэмысым, тхылъым я къалэн ягъэзащIэ. Анэдэлъхубзэращ къызыпкърыкIыжыр ди хабзэри. Сэ тхыдэ щIэныгъэр IэщIагъэ схуэмыхъуатэми, адыгэ лъэпкъым и блэкIар зджынут. Тхыдэр сфIэфI щIэхъуар адыгэ Iуэхум сыдихьэхырти аращ.

- Адыгэ щIалэгъуалэр нобэ сыт хуэдэ?

- Адыгэ щIэблэр гъуазэ хуэныкъуэщ, здагъэзэнур ямыщIэу къысщохъу. ЗэуIуу псоми зы гупсысэкIэ уатепсэлъыхьыфынкъым - зэмыщхьщ ахэр. Гимназием сыщыщылэжьами, телевиденэм сыщыщыIами, иджы IэнатIэ схуэхъуами адыгэ щIалэгъуалэ дахэ сащрихьэлIащ. Си еджакIуэхэм адыгэбзэ яIурылъщ, куэдыр адыгэ къуажэхэм къикIащ. Сигу ирохь я гурыхуагъыр, я зыIыгъыкIэр. Ауэ сэ сыт щыгъуи жызоIэ мыр: ди щIэблэр хуэныкъуэщ зыдэплъеин. «ЩIалэгъуалэр зэIыхьащ», щыжаIэм деж сфIэфIкъым. ЩIэблэр зэрыщымытыпхъэ хъумэ, щыуагъэ зыщIэр абыхэм ятеплъэкъукI нэхъыжьхэращ. Псалъэм папщIэ, емыкIуу защIу уэрамым щIалэгъуалэ гуп цIыкIу ирихьэлIэIамэ, и щхьэ хужеIэж «зэрымыгъасэ мыхэр» жери, и Iуэху яхимылъхьэуи блокI. КъэувыIэу, «Е щIалэхэ, екIукъым мы фи щытыкIэр» жызыIэнур дапщэ зэрыхъур? УащIэгубжьэн е бгъэшынэн хуейуи къэслъытэркъым, я емыкIум гу лъегъэтэжыпхъэу аращ. Нэхъ пасэм щыIащ апхуэдэ: емыкIу зыщIар нэхъыжь ущиекIэ ягъэукIыщтэфырт. ЗыфIэлIыкIын нэхъыжь хуэныкъуэщ щIэблэр, пэжым ухуеймэ. Бемырзэ Мухьэдин абы пэджэжу зы усэ хьэлэмэт иIэщ, «Адыгэ лIыжьхэр» жиIэу.

ЩIэблэм ядэлэжьэн, зэман ятегъэкIуэдэн, гугъу задегъэхьын, щапхъэ егъэлъэгъун хуейщ.

- Астемыр, бзэм и гугъу дыгъэщI. Ди зэманым адыгэ Iуэху зезыхуэ, бзэми лъэпкъ щэнхабзэми я пIалъэр зыщIэ куэдым езыхэм къащIэхъуэм адыгэбзэр щаIурымылъ къохъу. Сыт адыгэ унагъуэхэм бзэр щыхъумэным и хэкIыпIэу щыIэр?

- Мы упщIэр куэдрэ къызат, лъэпкъ, щэнхабзэ Iуэхум дытепсэлъыхь щыхъукIэ. Зыщ си жэуапыр - сабийм адыгэбзэ ищIэну ухуеймэ, адыгэбзэкIэ епсалъэ.

Быным анэдэлъхубзэр Iурылъыну гурэ псэкIэ ухуеймэ, си фIэщ хъуркъым зэран къыпхуэхъуфынIауэ. ЩыIэнкIэ хъунщ апхуэдэ Iэмал зимыIэ зэкъуэтIакъуэххэ. Зы щапхъэ къэсхьынщ... Си ныбжьэгъу щIалэ Ныр Жамбот Германием унагъуэу щопсэу. Абы и щIалэр Германием къыщалъхуащ, къыщохъу, нэмыцэ сабий садым макIуэ, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIа нэгъуэщI сабийхэм яхэтщ. Ауэ щыхъукIэ, адыгэбзэкIэ уэрсэру мэпсалъэ. Щхьэ хамэ щIыпIэм щыIэ сабийм зыри зэран къыхуэмыхъуу, я хэку исыжхэм зыкъом зэран къахуэхъуу къалъытэрэ языныкъуэхэм... Щхьэ а щIалэм жимыIэрэ: «Сэ Германием сыщыIэщ, си быныр нэмыцэ сабийхэм яхэтщ, адыгэбзэм Iэмал худиIэкъым».

Арыххэу уэрамым ущрикIуэкIэ уолъагъу адыгэбзэр зыгуэрхэм я деж кIащхъэ щIыщыхъум и щхьэусыгъуэ куэд. СрихьэлIащ мыпхуэдэу: щIалэ цIыкIур и анэм щIыгъуу уэрамым ирокIуэ. Сабийр уафэм доплъейри: «Мор сыт зищIысыр?» - жеIэри щIоупщIэ адыгэбзэкIэ. «Это луна», - жи и анэм. «Мор сыт зищIысыр?», - аргуэру и Iэр уафэмкIэ щишийкIэ, «Это звёзды», - жреIэ. Иджы плъагъурэ, сабийр адыгэу Тхьэм къигъэщIащи, бзэуэ адыгэбзэр къыхуигъэфэщащи, къызэригъэщIам и хабзэм тету щIоупщIэ. Мо урысыбзэ къыпэджэжым абы и гупсысэр зыщIыпIэ деж щыIуещIэ. Сыт атIэ хэлъыр: «Ар мазэщ, урысыбзэкIэ зэреджэр «лунащ»» жыпIэным?!

- Мыпхуэди срохьэлIэ... **Хэхэс адыгэхэм яхэтщ щыцIыкIум адыгэбзэкIэ мыпсэлъауэ, балигъ хъуа нэужь зэзыгъэщIэжахэр**. **Мис ар нэхъ гугъуу къысщохъу**...

- ЦIыхур Хэкум пэIэщIэ хъуа нэужь, къыщыхъуа щIыпIэм псэкIэ зэрыпыщIар нэхъ зыхищIэу си гугъэщ. СщIэркъым ар къызыхэкIыр, езым къыгурымыIуэжми, зэрызихъумэжын зыхэщIэ гуэр и Iэпкълъэпкъым къыщоуш. Ар хуэгумащIэ мэхъу Хэкум, лъэпкъым, бзэм. Апхуэдизщ лъым и къарур. Хэкум пэIэщIэ цIыхум и зэхэщIыкIым зыщIыпIэ деж къыщыпхевыкI «сыхэт сэ?» упщIэр. Мис а езыр-езыру зритыжа упщIэм и жэуап къэлъыхъуэным ифI куэд къокI абы, зыкъигъуэтыжыным, зыщыщыр къыгурыIуэжыным теухуауэ.

Бзэр цIыхухэр зэрызэгурыIуэ Iэмал къудейуэ къыпщыхъункIи хъунщ, ауэ ар куэд дыдэкIэ нэхъ куущ. Ар епхагъэнщ дунейм и къэхъукIэм. Адыгэбзэм щыщ пасэрей псалъэжь гуэр зыщIыпIэ щызэхэпхыжа, къэпщIэжа нэужь, апхуэдизу ар зыхыбощIэри, уи щIыфэр егъэтхытх. А псалъэр уэ зэрыпщыщыр зыхищIыкI хуэдэщ Iэпкълъэпкъым.

- «ЩIанэ жанхэр» теледжэгукIэм и гугъу къытхуэщI.

- Мыр си проектщ. Ауэ акъылым зезыгъэужь нэгъуэщI джэгукIэ гуэрхэри тегъэщIапIэ сщIащ. Iыхьитхуу зэхэтщ. Ахэр тещIыхьащ макъ гъэджэгуным, псалъэ ухуэным, къуажэхь къэщIэным, фразеологизмхэр зэпкърыхыным, жьы хъуа псалъэхэр къэщIэжыным. «Адыгэбзэр фщIэн хуейщ», - жытIэу дыущиеркъым, атIэ мис мыпхуэдэу зэрыхъукIэ дыдогъэхьэх.

Гупсысэ уиIэр зыщ, ауэ утыку уихьэн папщIэ къыпкъуэувэн уимыIэу хъуркъым. ФIэщыгъэр КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Црым Руслан седжэнджэщри къыхэсхащ. ЩIым къыхэж щIанэхэр мо зи гупсысэ къызэрыкIын щIидзэ ныбжьыщIэхэм едгъапщэу фIэтщащ. «ЩIанэ жанхэр» джэгукIэр икIи щIэщыгъуэу, щIэныгъи хэлъу, адыгэм и щэнхабзэми ухигъаплъэу, тхыдэмрэ IуэрыIуатэмкIэ зигъазэурэ лъэпкъ шыфэлIыфэр къызэпкърихыжу дгъэпсащ. ДжэгугъуитI едгъэкIуэкIами къагъэлъэгъуащ ныбжьыщIэхэм я гупсысэр а къэдгъэсэбэп IэмалымкIэ къызэрызэрыкIыр. Зэ щхьэкIэ мыбы хэтынухэр къахыдош КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэм щеджэхэм. АдэкIэ иджыри зедгъэубгъуну ди гугъэщ. Бзэгъэджэгу егъэкIуэкIынымкIэ куэду къыздоIэпыкъу филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Къардэн Мусадин. Мусадин Iуэхур зэредгъажьэрэ ди упщIэжэгъущ, джэгукIэм и къэпщытакIуэ нэхъыщхьэщ. «ЩIанэ жанхэр» бзэгъэджэгум дамыгъэ иIэщ. Ар тхуищIащ СурэтыщIхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм хэт, Тхьэзэплъыж Руслан. Утыку гъэщIэрэщIэнымкIэ сэбэп къытхуэхъуащ Тэтэр Фаридэ. Абы и IуэхукIэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ «Пэрыт» жылагъуэ зэгухьэныгъэри. Ди дэрэгъухэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр. ДжэгукIэр утыку ирехьэ телевиденэм. «ЩIанэ жанхэр» бзэгъэджэгум и етIуанэ зэхуэсыгъуэм япэ увыпIэр къыщызыхьам лъэпкъ Iуэхум хэт щIалэгъуалэхэу Шапэр Аланрэ Дым АслъэнджэрийрЭ тыгъэ хуащIащ адыгэ щэнхабзэм теухуа тхылъышхуэрэ дыжьын IэпщэхъурЭ. ДяпэкIи Iуэхум апхуэдэурэ щхьэпэну я мурадщ а щIалэхэм.

«Синдика» зэгухьэныгъэр сэбэп къытхуохъу егъэлеяуэ. Абы и тхьэмадэ, пщIэ зыхуэтщI Къанокъуэ Арсен Iуэхум щыгъуазэщ, Тхьэм узыншэу ди япэ куэдрэ иригъэт! ЩекIуэкIыну пэшри, баннер, эмблемэ жыхуэтIэхэр гъэхьэзырынри, ныбжьыщIэхэр зэрыдгъэгуфIэну ахъшэ саугъэтри къытхузэрагъэпэщ. ФIыщIэ ин хузощI ди Iуэхум гу къылъитэу, дэрэгъуи, дэIэпыкъуэгъуи, чэнджэщэгъуи къытхуэхъуа си къуажэгъу Мэкъуауэ Мурат. Ар «Синдика» зэгухьэныгъэм хыхьэ «Дженерал групп» ООО-р зезыгъакIуэ компанием и унафэщIщ.

- Тхьэм уигъэпсэу, Астемыр! Iуэху дахэу бгъэпсыр щIэблэм къахуэщхьэпэну си гугъэщ.

Епсэлъар
ГУГЪУЭТ Заремэщ.

СэвкIуий Хьэмид и лэжьыгъэхэр

Санкт-Петербург щагъэлъагъуэ

Санкт-Петербург ХудожествэхэмкIэ и академием и итальян залым щагъэлъагъуэ УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, ХудожествэхэмкIэ Урысей академием и член-корреспондент, а къалэм щыпсэу икIи щылажьэ ди хэкуэгъу сурэтыщI икIи егъэджакIуэ цIэрыIуэ СэвкIуий Хьэмид и лэжьыгъэхэр.

СЭВКIУИЙ Хьэмид и юбилей гъэлъэгъуэныгъэхэр мыбыкIэ зэхуащIыж. Фигу къэдгъэкIыжынщи, мы гъэм Хьэмид Налшык выставкищ щигъэлъэгъуащ, илъэс 60 зэрырикъум и щIыхькIэ. Апхуэдэт КъБР-м и Лъэпкъ музейм щекIуэкIа «Анэ», СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм - «Гу», гъуазджэ галерееем и павильоным - «Ковчег» зыфIащахэр.

Графикэм, живописым, скульптурэм ехъулIэныгъэфIхэр щызиIэ сурэтыщIым и иджырей гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ Толстой Лев и «Хьэжы-Мурат», «Къэзакъхэр» тхыгъэхэм къытрищIыкIа графикэ сурэтхэр. Лэжьыгъэхэм куэду щыболъагъу мывэ скульптурэхэр. Выставкэм хигъэхьахэр мы гъэращ щищIар.

- Налшык къалэм мы гъэмахуэм щызгъэлъэгъуа выставкэхэм къыпызыщэщ мыр. Толстов Лев и «Хьэжы-Мурат», «Къэзакъхэр» тхыгъэхэр бгырысхэм ятеухуащ икIи псом хуэмыдэу нобэ дызэрыт зэман мытыншым поджэж. Ар блэкIамрэ нобэрэ зэпызыщIэщ. Урыс щэнхабзэмрэ литературэмрэ зыгъэбея тхакIуэ цIэрыIуэхэу Толстой, Пушкин, Лермонтов сымэ я IэдакъэщIэкIхэм Кавказым и тхыдэм хэта гузэвэгъуэхэр къыщагъэлъэгъуэжащ. А тхакIуэхэм бгырысхэм, адыгэхэм пщIэ къытхуащIу, фIыуэ дыкъалъагъуу щытащ. Арауэ къыщIэкIынущ я тхыгъэхэм гулъытэ щIахуэсщIари, - жеIэ СэвкIуий Хьэмид. - Къапщтэмэ, языныкъуэ тхыдэтххэм нэхърэ литературэм и лэжьакIуэхэм си дзыхь нэхъ язогъэз. Дэтхэнэ зы художникми и лъагъукIэ иIэжщ, абы и лъэныкъуэкIэ си еджакIуэхэм сазэрыдэIэпыкъуным, я зэфIэкIым зэрызезгъэужьыным и ужь ситщ.

СэвкIуийм и закъуэ къыхузэрагъэпэща выставкэ 2000 гъэм Барселонэ (Испание), 2002 - 2006 гъэхэм (живопись, графикэ, пхъэм къыхэщIыкIа скульптурэхэр) Голландием (Амстердам, Гауда) и «Goda» галерееем, 2004 гъэм Москва сурэтыщIхэм я Унэ нэхъыщхьэм, «Белая река» зыфIаща и гъэлъэгъуэныгъэр Санкт-Петербург и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм я гъэлъэгъуапIэ пэшышхуэм щекIуэкIащ. Апхуэдэу СэвкIуийм живописымкIэ и выставкэ 2005 гъэм Самарэ, «Эпоха бронзы» зыфIищар а гъэ дыдэм Санкт-Петербург, къыкIэлъыкIуэхэр УФ-м и Къэрал Думэм и музейм, Санкт-Петербург ХудожествэхэмкIэ и академием, «Собирающие камни» зыфIищар 2006 гъэм Санкт-Петербург и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм щекIуэкIащ. Ар хэтащ Урысейм и сурэтыщIхэм я гъэлъэгъуэныгъэу Китайм къыщызэрагъэпэщам, урыс щэнхабзэмкIэ Голландием щекIуэкIа фестивалым.

- СэвкIуий Хьэмид и Iэдакъэ къыщIэкIахэм къызэрымыкIуэ лэжьыгъэ яхэплъагъуэркъым. Зи хъэтI зиIэж художникым и сурэт псори зыгуэркIэ зэрызэщхьым гу лъыботэ, абыхэм ящIэлъ гупсысэм апхуэдизкIэ узыщIешэри, ахэр зэгъунэгъу ещIри, уи нэр здытеплъызэм зы сурэтым хуэдэу зэпыбогъэувэ, - жеIэ ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием и академик, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Михайловский Семён. - Хьэмид и лэжьыгъэхэр зытриухуар зэрыцIыкIурэ къэзыухъуреихь, фIыуэ зыщыгъуазэ Iуэхухэрщ, и лъэпкъым и тхыдэрщ.

СэвкIуий Хьэмид и лэжьыгъэ телъыджэхэр щахъумэ къэралым и музейхэм, Урысейм, Китайм, Испанием, Голландием, Германием, нэгъуэщI щIыналъэхэм щыпсэуэ абы и Iэдакъэ къыщIэкIахэм дихьэххэм я уней гъэтIылъыгъэхэм хэлъщ. 2000 гъэм щыщIэдзауэ Хьэмид Санкт-Петербург ХудожествэхэмкIэ и академием живописымкIэ и факультетым сурэт щIынымкIэ и къудамэм щрегъаджэ. Зи хэкуэгъухэр зыщызымыгъэгъупщэ сурэтыщIым и лэжьыгъэхэр нэхъыбэу зытеухуар и лъэпкъым и тхыдэрщ, и къекIуэкIыкIарщ, и щIыналъэм и щIыуэпс къулейрщ, нобэрей гъащIэм и лъапIэныгъэхэрщ. Хьэмид и лэжьыгъэхэм гупсысэ куурэ купщIэ инрэ ящIэлъщ. СурэтыщIыр щIэх-щIэхыурэ Налшык къокIуэж икIи и гуапэу хэтщ ди щIыпIэм щекIуэкI щэнхабзэ, гъуазджэ зэхыхьэхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм. СэвкIуийм и IэщIагъэм, и зэфIэкIым и лъэпкъэгъухэр дрогушхуэ, ди щхьэр лъагэу дегъэлъагъуж.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

IэщIагъэ къыхахынымкIэ сэбэпщ

«ЛIыхъужьхэм я щIэблэр» проектым хэт ныбжьыщIэхэм зыщрагъэплъыхьащ Республикэ клиникэ сымаджэщым. Фигу къэдгъэкIыжынщи, проектыр ягъэзащIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и пщэрылъкIэ, абыкIэ дэIэпыкъуэгъу къахуохъу ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ къэрал агентствэр. Ар хуэунэтIащ ныбжьыщIэхэм зыхуеджэну IэщIагъэр къыхахынымкIэ сэбэп яхуэхъуным, апхуэдэуи ахэр хэкупсэу къэгъэтэджыным.

КЪАЛЭБАТЭ Рустам проектым хэт ныбжьыщIэхэм иджы етIуанэу яхуозэ. Япэу Iуащхьэмахуэ лъапэ щекIуэкI форумым хэту щызэIущIам, ныбжьыщIэхэм къагъэлъэгъуащ медицинэм зэрыдихьэхыр икIи адэкIэ я зэпыщIэныгъэм къызэрыпащэнум теухуауэ зэпсэлъащ. Иджырей зэхыхьэм къыхашащ район сымаджэщхэм, Наркологиемрэ психиатриемкIэ республикэ клиникэ центрым я унафэщIхэр. Абыхэм я нэIэ тетынущ проектым хэт ныбжьыщIэхэм.

ЕджакIуэхэр щыгъуазэ хъуащ республикэм и медицинэ IуэхущIапIэ нэхъ ин дыдэм и лэжьыгъэр зэрызэтеублам, сымаджэхэм ягъуэт медицинэ дэIэпыкъуныгъэр къызэрызэгъэпэщам. Ахэр щыIащ хирургие, неврологие, терапие, лъынтхуэ узыфэхэм, рентгенэндоваскулярнэ IэмалхэмкIэ сымаджэхэм щеIэзэ къудамэхэм, медицинэ Iэмэпсымэхэр къызэрагъэсэбэпыр зрагъэлъэгъуащ. Дохутырхэр я IэщIагъэм, абы и мыхьэнэм къахутепсэлъыхьащ икIи абыхэм къыхагъэщащ благъэ-Iыхьлыхэм, ныбжьэгъухэм я жыIэм тещIыхьауэ мыхъуу, ар уи гумрэ уи псэмрэ къызэрыдыхьам елъытауэ къыхэпхын зэрыхуейр.

Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэхэм къыхагъэщ мыпхуэдэ зэхыхьэхэм мыхьэнэ зэраIэр IэщIагъэм дегъэхьэхыным и лъэныкъуэкIэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

● Хьэрычэт Iуэху

Къэралым защIегъакъуэ

«Хьэрычэт мыинымрэ курытымрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм и фIыгъэкIэ 2024 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм кърихубыдэу къэралым и промышленнэ IуэхущIапIэхэм ахъшэ щIыхуэу сом мелард 309,4-рэ я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпащ. Абыхэм ягъуэта дэIэпыкъуныгъэхэр нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм ебгъапщэмэ, къызэрыкIэрыху щыIэкъым. Абы нэмыщI, кредит къэзыщтэну лъэIуа IуэхущIапIэхэм я процент 22-м ар иратащ.

«А ПIАЛЪЭМ кърихубыдэу къэрал дэIэпыкъуныгъэ хэту къащта кредит мин 15-м щыщу мини 3,3-м къыIахэр инвестицэ пэхуэщIэхэм хуэгъэпсауэ щытащ. АбыхэмкIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм IэмалыщIэхэр хагъэхьащ, Iэмэпсымэхэр ирагъэфIэкIуащ, щIэ къащэхуащ, IэнатIэм зрагъэужьащ, къыщIагъэкI продукцэ лIэужьыгъуэхэми хагъэхъуащ», - жиIащ Урысей Федерацэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Решетников Максим.

Промышленнэ IуэхущIапIэхэм зэрадэIэпыкъуа ахъшэм и процент 75-р хьэрычэт мыинымрэ микробизнесымрэ хэтхэм къалъос. 2024 гъэм и мазибгъум кърихубыдэу мылъку нэхъыбэ зылъысахэр Мэзкуу къалэм, Мэзкуу областым, Санкт-Петербруг къалэм щыIэхэрщ.

Промышленнэ продукцэхэр къыщIэзыгъэкI, хьэрычэт мыинымрэ курытымрэ хыхьэ IуэхущIапIэхэм худэчых зыхэт кредитхэр къащтэну Iэмал яIэщ абы ехьэлIауэ къэралым щылажьэ лъэпкъ пэхуэщIэхэм, программэхэм, щIыналъэхэм щыIэ шэсыпIэ фондхэм я фIыгъэкIэ.

2024 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм кърихубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ IуэхущIапIэхэм ахъшэ щIыхуэу къащтащ сом мелуан 934-рэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

IусыпхъэхэмкIэ ди Iуэху Iейкъым

2024 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм кърихубыдэу Iэщым ирагъэшхын Iус зэхэлъу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыщIагъэкIащ тонн мин 83,6-рэ е 2023 гъэм и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм процент и 151,7-кIэ хуэкIуэу, къитащ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм.

РЕСПУБЛИКЭМ щаIыгъ Iэщым ирагъэшхыну Iусыпхъэхэмрэ абы халъхьэхэмрэ нэхъыбэу къыщIэзыгъэкIыр хьэрычэт мыиным хэтхэмрэ уней IуэхущIапIэхэмрэщ икIи ди щIыналъэм и мызакъуэу, абыхэм нэгъуэщI щIыпIэхэми щIэупщIэ щаIэщ, хамэ къэралхэми ирагъашэ.

БАТОКЪУЭ Едыдж.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм и боксерхэр

Урысей Федерацэм боксымкIэ и тренер Никулин Игорь и фэеплъу Псыхуабэ къалэм зэхьэзэхуэ зэIуха щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ Ставрополь, Краснодар крайхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Ингушым я спортсмен 350-м щIигъу.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ щыIащ КъБР-м и Дзэлыкъуэ щIыналъэм и боксер ныбжьыщIэхэр икIи ехъулIэныгъэфIхэр къыщагъэлъэгъуащ. Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр къыщахьащ Гындыгъу Ахьмэд, КIэмыргуей Мухьэмэд, Кхъуэныхь Азэмэт сымэ. ЕтIуанэ хъуахэщ Аджий Амиррэ Токъубей Ибрэхьимрэ.

ЩIалэхэм я тренерхэр Къущхьэ Русланрэ Мэшыкъуэ Резуанрэщ.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

● Спорт хъыбархэр

Пензэ къапоплъэ

Шэшэным и Шали къалэм щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэм самбэмкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ КИФЩI-м и бэнакIуи 150-м нэблагъэ, я ныбжькIэ илъэс 18 - 20-м щIимыгъуауэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и спортсменхэм щыщу я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр къыщахьащ Уэсмэн Амырхъан (кг 58-рэ), Соблыр Атмир (кг 71-рэ), Мамий Аскэр (кг 79-рэ) сымэ. Апхуэдэ хъыбар къыдигъэщIащ КъБР-м самбэмкIэ и командэ къыхэхахэм ядэлажьэ тренер нэхъыжь Уэщхъун СулътIан.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэр хэтынущ УФ-м самбэмкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ етIанэгъэ мазаем Пензэ къалэм щекIуэкIыну зэпеуэм.

Ди командэм и тренерхэр Ким Русланрэ Махуэ Олегрэщ.

АЛБЕРДЫКЪУЭ Iэмин.

НэхъыжьыфIым и дерс

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, полицэм и полковникыу къулыкъум къыхэкIыжа Хужьокъуэ Руслан Нарткъалэ дэт школ №6-м щеджэхэм ядригъэкIуэкIащ Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэм теухуа дерс.

ВЕТЕРАНЫР тепсэлъыхьащ ягъэлъапIэ махуэм и тхыдэм, Совет Союзымрэ Урысей Федерацэмрэ я ЛIыхъужьхэм, я гъащIэм емыблэжу цIыхухэр къезыгъэла дзэ къулыкъущIэхэмрэ хабзэхъумэхэмрэ къагъэлъэгъуа лIыгъэм.

«ЛIыхъужьхэр нобэ къулыкъур езыхьэкI икIи цIыхухэм я шынагъуэншагъэр зыхъумэщ. Фэ фщыгъупщэн хуейкъым ди щIыналъэм мамырыгъэ илъыным я гъащIэм емыблэжу щIэбэнахэр», - къыхигъэщащ Хужьокъуэ Руслан.

ШколакIуэхэм хьэщIэм фIыщIэ хуащIащ я зэIущIэ гъэщIэгъуэным папщIэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

● УФСБ-м къет

Илъэсибл къытралъхьэнкIэ хъунущ

Терроризмэм пэщIэтыным ехьэлIа Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу, Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къызэпаудащ Бахъсэн къалэм щыпсэу, илъэс 28-рэ хъум илэжь щIэпхъаджагъэр.

АБЫ Интернетым щызэбгригъэхырт терроризмэр дэзыIыгъ, экстремист Iуэхум къыхуезыджэ хъыбархэр.

Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и Следственнэ IэнатIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 205.2 статьям и 2-нэ Iыхьэм, 280-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр илэжьауэ ягъэкъуаншэу. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, ар илъэси 7-м нэскIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

Уэчылыр къыщIэхуащ

Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ уэчылым зэрихьэ хьэгъэщагъэр.

УРЫСЕЙМ и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм япкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 6-м нэскIэ ягъэтIыс.

И чэзум ядэIэпыкъуащ

● ФIыщIэ

КъБР-м щыIэ МВД-м къыIэрыхьащ Налшык къалэ УМВД-м и Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм яхуэгъэза фIыщIэ тхыгъитI.

ЯПЭР къэзытхам, Мэзкуу къалэм щыпсэу цIыхухъум, жеIэ и унагъуэр щIыгъуу зыгъэпсэхуакIуэ Налшык и автомашинэмкIэ къызэрыкIуар. Кировым и уэрамым абы и транспортыр щыункIыфIащ.

«СщIэнум сегупсысыху къыдбгъэдыхьащ ДПС автомашинэр. Полицэм и лэжьакIуэхэр псынщIэу къыддэIэпыкъури, адэкIэ ди гъуэгум пытщэжащ. Фи лэжьакIуэхэр пщIэ зыхуэфащэщ, ди гуапэщ я IэнатIэ мытыншым адэкIи ехъулIэныгъэхэр щаIэну», - къыхегъэщ письмор къэзытхам.

ЦIыхухъум фIыщIэ яхуещI гъуэгум къащыдэIэпыкъуахэу Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм и ДПС-м и ротэ щхьэхуэм и лэжьакIуэхэу полицэм и капитан Гуэщокъуэ Аслъэнрэ полицэм и лейтенант Бещто Зауррэ.

КъыкIэлъыкIуэ фIыщIэ псалъэ гуапэхэр къитхащ илъэс 74-рэ зи ныбжь налшыкдэсым. ЦIыхухъум зэрыжиIамкIэ, 2-нэ Тамань дивизэм и уэрамым ирижэу и машинэм и шэрхъхэр мыкIэрэхъуэж хъуащ икIи гъуэгубгъум къыщыувыIащ.

«ДыгъафIэ къалэ» сабий творчествэмкIэ академием деж къулыкъур щезыхьэкI, полицэм и лэжьакIуэхэр къызбгъэдыхьэри, къэхъуам щIэупщIащ. Абы и щхьэусыгъуэр къыщащIэм, полицейхэм эвакуатор къраджэщ, автомашинэр абы ирагъэувэри, техникэм щелэжьыну станцым нэс дыкIуащ. Си машинэр IэщIагъэлIхэм къыхуагъанэри, автоинспекторхэм унэм сашэжащ», - къитхащ фIыщIэ зыщI цIыхухъум.

НэхъыжьыфIым хуащIа гулъытэм папщIэ псалъэ гуапэкIэ захуегъазэ Налшык къалэм щыIэ УМВД-м и ДПС-м и ротэ хэхам и плъыр гупым и инспекторхэу, полицэм и лейтенант нэхъыжьхэу Iэрэмысэ Маратрэ Уянаев Сэхэдинрэ.

УАРДЭ Жантинэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ШИРДИЙ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
Жыласэ Заурбэч (*редактор нэхъыщхьэ*), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (*унафэщI-редактор*), **Ширдий Маринэ** (*унафэщI-редактор*), **Къаншокъуэ Эллэ** (*жэуап зыхь секретарь*), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаинэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленин им и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.489
Заказыр №2660
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(2, 3-нэ нап.)*.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.